# Пегъымбарэу Даниел

ИПБ
Москва
2017

**Пегъымбарэу Даниел**

ЗэзыдзэкIыгъэр ГутIэ Саныет
Сурэтхэр зышIыгъэр КIэрэф Иринэ Бэч ыпхъу

ЯшIошIыхэр къыраIолIэнхэм пае ibt_inform@ibt.org.ru

ISBN 978-5-93943-228-3

© ИПБ, 2017

# Пэублэ гущыӀ

***Лъытэнызгъэ зыфэтшӀырэ тхылъеджэр!***

*«Пегъымбарэу Даниел»* зыфиӀорэ тхылъыр уапашъхьэ илъ. Мы тхылъыр Тхьэм и ГущыӀэ лъапӀэу Библием иӀахьыгъоу Ижъырэ Зэзэгъынıыгъэм щыщ.

Мы тхылъым къыӀуатэрэр тилъэхъан ыпэкӀэ я 605-рэ илъэсым нэмыкӀхэм ягъусэу гъэрэу Бабилэн ащэгъэ джурт кӀэлакӀэу, унагъо лъэрыхьым щыщэу Даниел ищыӀэныгъэрэ къэхъущтым фэгъэхьыгъэу нэфапӀэу ылъэгъугъэхэмрэ арых. Тхьэм къыритыгъэ амалхэм яшӀуагъэкӀэ Даниел бабилэн пачъыхьэхэм ящагу ӀэнэтӀэ ин щиӀыгъыгъ. Персие пачъыхьэгъум Бабилэн зеубыты ыужи а ӀэнэтӀэшхор ащ къыфэнагъ. Даниел илъэс 80-м къыщымыкӀэу къыгъэшӀагъ, тилъэхъанэ ыпэкӀэ я 538-рэ илъэсым джурт гъэрхэм ащыщхэм ячӀыгужъ зэрагъэзэжьырэр ащ ылъэгъугъ.

Тхылъым иапэрэ Ӏахь, 1-6-рэ шъхьэхэр, Даниелрэ ишъэогъухэмрэ тхьэ нэпцӀхэм шъхьащэ зыщафашӀырэ пачъыхьэгъум щыӀакӀэу щыряӀагъэр къеӀуатэ. Ӏофхэм язытет еуцолӀэнхи хымэ хабзэхэр аштэщтхэмэ, хьаумэ ежь я Тхьэ Закъо шӀошъхъуныгъэ фыряӀэу, щынагъом хэтхэу псэущтхэмэ ахэр ренэу хэдэнхэ фаеу хъущтыгъэ.

Тхьэм хихыгъэ лъэпкъэу гъэрыпIэм итым, ушэтыпIэ илъэсхэм, хэкIыпIэнчъэ гузэжъогъу лъэхъаным хэтым Ар зэрэфэшъыпкъэр мы Iахьым къегъэлъагъо.

ШIошъхъуныгъэм, гушъхьэ лэжьыгъэхэм Даниел ежь ышъхьэкIэ зэрафыщытым, Тхьэм ылъэныкъокIэ гъэзагъэхэу ем ебэнынхэм цIыфхэр фегъэчэфых. Тхьэм уфэшъыпкъэным къикIырэр шIугъэм уфэIорышIэныр, уищыIэныгъэ ушъхьамысыныр ары. ЛIэшIэгъу зэкIэлъыкIохэм Даниел игущыIи ищыIэныгъи Тхьэм уедэIуным, Ащ цыхьэ фэпшIыным ящысэу хъугъэ.

*«Даниел машэм къызырахыжьым и Тхьэ шIошъхъуныгъэ зэрэфыриIэм къыхэкIэу ыпкъ фыкъуагъэ гори зэримыIэр нафэ къэхъугъ».* (я 6-рэ шъхьэм ия 23-рэ ус)

Тхылъэу Даниел Бабилэным джуртхэм щыIакIэу щыряIэгъэм икъэбар закъоп къыIуатэрэр. Тхылъым иятIонэрэ Iахь, я 7-12-рэ шъхьэхэр, Даниел Тхьэм нэфапIэу къыригъэлъэгъугъэхэр къыщытыгъэх. Тхьэм и Пачъыхьэгъу зэрэхэхъощтыр, Ащ пэуцужьырэ сыд фэдэ хабзи зэрэфэхыщтыр дунэе тарихъым ищысэхэмкIэ а нэфэпIэ хьэламэтхэм къагъэлъагъо. А лъэхъаным щыIэгъэ тхылъхэу нэфапIэхэм, пкIыхьапIэхэм яхьылIагъэхэм зэращыхабзэу, ахэр гурыIогъое нэшанэхэр зыхэлъ шъэф тамыгъэх. НэфапIэхэр зэрэушъэфыгъэм къыхэкIэу зигугъу къышIырэ хъугъэ-шIагъэхэр зыфэпхьыщтхэр нахьыбэмкIэ къэшIэгъуае – хъугъахэхэу, Iофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэу тарихъым къыхэнагъэха, хьаумэ къэкIощт уахътэм къэхъущтха. Мы аужырэ илъэс минитIум а нэфапIэхэр къызэрэзэхафыхэрэр зэрэзэтемыфэхэрэр ащ ишыхьатых.

ГущыIэм пае: «Бжъакъоу» я 8-рэ шъхьэм ия 9-12-рэ усэхэм ахэтымрэ хъугъэ-шIагъэу я 11-рэ шъхьэм ия 21-45-рэ усэхэм къаIуатэхэрэмрэ урым пачъыхьэу Антиох IV-рэ Епифан (тилъэхъанэ ыпэкIэ я 175-164-рэ илъэс) фэгъэхьыгъэу тхыгъэр къызэхэзыфыхэрэм янахьыбэм зэдаштэ. Iоф зэкъуадзэкIэ ащ Сирие Пачъыхьэгъур (Селевкидхэм ятахътэ) ыубытыгъ. Тилъэхъанэ ыпэкIэ я 168-рэ илъэсым Ерусэлэм Тхьэм иунэу дэтыр ыушIоий, къурмэншIыныр щаригъэгъэти, Тхьэм хихыгъэ цIыф лъэпкъым пый джэгъогъу фэхъугъ. Тхьэм пэшIуекIоу зекIозэ, Тхьэм нахьи нахь лъагэу ащ зилъытэжьыгъ (еплъ: я 11-рэ шъхьэм ия 21-45-рэ усэхэм). ЗэзэгъыныгъакIэу КъэбарышIум зыцIэ къыщыриIорэ Тхьэихэх ипый ащ техыгъэу хъугъэ.

Я 8-рэ шъхьэм ия 21-22-рэ усэхэр, я 11-рэ шъхьэм ия 3-4-рэ усэхэр Александр Македонскэм (тилъэхъанэ ыпэкIэ я 336-323-рэ илъэс) ехьылIагъэх.

Я 11-рэ шъхьэм ия 17-рэ усэ Антиох III-рэм ыпхъоу Клеопатрэ Птолемей V-рэ Епифан (тилъэхъанэ ыпэкIэ я 194-рэ илъэс) шъузэу зэрэритыгъэм фэгъэхьыгъ.

Ары пакIопышъ, зигугъу къэтшIыгъэхэр тарихъым щыхъугъэхэнхи къэкIощт уахътэм ихъугъэ-шIэгъэнхи ылъэкIыщт.

Пычыгъо зэфэшъхьафхэр къызэрэзэхафыхэрэр зэтекIыхэ нахь мышIэми, Даниелрэ ащ ишъэогъухэмрэ зыфэлажьэхэрэ Тхьэм зэкIэри ыIэ зэрилъри Итетыгъуи тхылъым игупчэу зэрэщытым деогъаштэ.

Зы лъэныкъомкIэ, дунаим щыпсэурэ пачъыхьэхэр къызфигъэфедэзэ Тхьэм тетыгъор зэриIыгъыр тхылъым

къеIуатэ. ГущыIэм пае, я 3-рэ шъхьэм ия 33-рэ усэм, джырт лъэпкъым щымыщ пачъыхьэуи Нэбухэднэцар еуцуалIэ:

*«Сыдэу ин дэдэха Ащ инэшанэхэр,*
*Сыдэуи гъэшIэгъонха Ащ иIофышхохэр!*
*Ипачъыхьэгъу Ащ – мыкIодыжьын,*
*Итетыгъо Ащ лIэуж зэкIэлъыкIохэм*
*ащылъыкIотэщт».*

Джащ фэдэу, Тхьэм Ипачъыхьэгъу къызэрэсыщтым, дунаим тет къэралыгъо хабзэхэм язэшIокI зэригъэмакIэрэм, ахэм кIэух зэрафишIыщтым ямэкъэгъэIу я 2-рэ шъхьэм ия 44-рэ усэ.

*«А пачъыхьэгъумэ ямафэхэм Уашъомэ я Тхьэ гъэшIэным мыкIодыжьын пачъыхьэгъу ыгъэуцущт; ащ итетыгъо нэмыкI цIыф лъэпкъ IэкIигъэхьащтэп. А пачъыхьэгъум адрэхэр зэкIэ зэхикъутэщтых, гъунэм нигъэсыщтых, ау ежь егъашIэми щытыщт».*

Тхьэм и ЕгъэшIэрэ тетыгъо зэкIэ дунаим щыпсэухэрэм зэранэсыщтыр (я 7-рэ шъхьэм ия 14-рэ ус) тхылъым къеIуатэ:

*«Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи, лIакъуи,*
*сыд фэдэ бзэ зэфэшъхьаф рыгущыIэрэ цIыфхэри*
*ащ еуцолIэщтых.*
*Ащ итетыгъо – егъэшIэрэ тетыгъу,*
*кIодыжьыщтэп ипачъыхьэгъуи,*
*егъашIи зэхэтэкъощтэп».*

### *Дэтхэр*

**Апэрэ Iахьыгъу:** Даниелрэ ишъэогъухэмрэ якъэбар (1:1-рэ – я 6:28-рэ шъхьэхэр).

1. Пачъыхьэу Нэбухэднэцар икъэлэсэрай щыIэгъэ кIэлакIэхэр (1:1-21).

2. Нэбухэднэцар иапэрэ пкIыхьапI (2:1-49).

3. Дышъэм хэшIыкIыгъэ саугъэтым фэгъэхьыгъэ унашъор (3:1-33).

4. Нэбухэднэцар иятIонэрэ пкIыхьапI (4:1-34).

5. Дэпкъым тетхэгъэ гущыIэхэр (5:1-31).

6. Даниел зэрагъэмысэн ипыйхэр зэрэлъыхъугъэхэр (6:1-28).

**ЯтIонэрэ Iахьыгъу:** Тхьэм къыригъэлъэгъугъэхэр Даниел къызэриIотагъэхэр (я 7:1-рэ – я 12:13-рэ шъхьэхэр).

7. Даниел хьэкIэ-къокIэ иныжъиплIыр нэфапIэу зэрилъэгъугъэр (7:1-28).

8. Даниел тIымрэ ачъэмрэ нэфапIэу зэрилъэгъугъэхэр (8:1-27).

9. Даниел илъэпкъ Тхьэм зэрэфелъэIугъэр (9:1-27).

Даниел нэфапIэу псыхъоу Тигр дэжь щилъэгъугъэр (я 10:1-рэ – я 12:13-рэ шъхьэхэр).

10. Чэтэным хэшIыкIыгъэ щыгъын зыщыгъ горэм фэгъэхьыгъэ нэфапIэр (10:1-11:1).

11. Къыблэмрэ Темырымрэ япачъыхьэхэр (11:2-45).

12. КIэух уахътэр (12:1-13).

Мы тхылъэу ижъырэ джуртыбзэрэ арамэибзэрэкIэ тхыгъэр цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм абзэхэмкIэ гъогогъуишъэрэ зэрадзэкIыгъ. Джы, мары, адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэу а тхылъ гъэшIэгъоныр ори къызэгопхыгъ.

Джуртыбзэрэ арамэибзэрэкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэм къахэкIыгъэхэу щыт цIэ унаехэр адыгэ макъэхэм якъэIуакIэ тетэу тхыгъэх.

Адыгабзэм щамыгъэфедэрэ къэIуакIэхэу къыхафэхэрэм ямэхьанэ къызэIуахэу нэкIубгъомэ ачIэгъ ехьыхынхэр фэтшIыгъэх.

Еджэхэрэр рыгъозэнхэу картхэр, гущыIалъэр тхылъым кIыгъух, къыIуатэхэрэм япхыгъэу сурэтхэри къыдэхьагъэх. А зэкIэ тхылъеджэхэм IэпыIэгъу къафэхъунэу тэгугъэ.

Даниел тхылъыр зэзыдзэкIыгъэхэм, редакторхэм, адыгабзэкIэ ар къыдэкIыным зиIахь хэзышIыхьагъэхэм зэкIэми Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз. Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэхэм тхылъэу апашъхьэ итлъхьагъэр агу рихьынэу тэгугъэ.

ШъуишIошъхэмрэ шъуиеплъыкIэхэмрэ яхьылIэгъэ къэбар Библием изэдзэкIынкIэ ти Институт ежъугъэшIэн шъулъэкIыщт.

# Пегъымбарэу Даниел

## Даниелрэ ишъэогъухэмрэ якъэбар
## (1:1-рэ – я 6:28-рэ шъхьэхэр)

### Апэрэ шъхьэр

***Пачъыхьэу Нэбухэднэцар икъэлэсэрай щыІэгъэ кІэлакІэхэр***

1 1 Ехъуд хэкум пачъыхьэу Ехъоекъым тетыгъор зы-
щиІыгъыгъэм иящэнэрэ илъэс Бабилэн пачъыхьэу
Нэбухэднэцар Ерусэлэм къекІуи, къалэр къыдзыхьагъ.
2 Тхьэу Зиусхьаным Ехъуд хэкум ипачъыхьэу Ехъоекъым
Нэбухэднэцар ыІэ рилъхьагъ. Зиусхьаным Ехъуд хэкум
ипачъыхьэу Ехъоекъым Тхьэм и Унэ чІэт хьакъу-шыкъу-
хэм ащыщхэри Нэбухэднэцар ІэкІилъхьагъэх. Ащ ахэр
Бабилэн чІыналъэм аригъэщагъэх, а хьакъу-шыкъухэр
ежь итхьэ иунэ хэт хъарзынэщым чІаригъэгъэуцуагъэх.
3 Нэбухэднэцар пачъыхьэм иунэІутхэм яІэшъхьэтетэу
Ашпэназ израил цІыфхэм ащыщхэу пачъыхьэ-лІэкъо-
лъэш унагъохэм къахэкІыгъэ кІэлакІэхэр къахихынхэу

унашъо фишIыгъ. [4] АIэпкъ-лъэпкъмэ дагъо ямыIэу, теп-
лъэшIухэу, акъылышIохэу, сыд фэдэ шIэныгъи псынкIэу
агурыIоу, зэхэшIыкIыныгъэ яIэу, пачъыхьэ къэлэсэраим
щылэжьэн алъэкIынэу кIэлакIэхэр щытынхэ фэягъ. Ба-
билэныбзэр зышIэрэ еджэгъэ-гъэсагъэхэу ахэр зэрэхъун-
хэр Ашпэназы ипшъэрылъыгъ. [5] Пачъыхьэм мафэ къэс
ежь иIанэ къытехьэрэ гъомлапхъэм фэди, ежь зашъорэ
санэм фэди ахэмэ аратынэу унашъо ышIыгъ. Илъэсищэ
ахэр зырагъаджэхэрэм ыуж, пачъыхьэм фэлэжьэнхэу ра-
гъэжьэн фэягъ. [6] Ахэм ахэтыгъэх ехъуд лъэпкъым щыщ-
хэу: Даниел, Хъэнаный, Мыщаел, Азарый. [7] Пачъыхьэм
иунэIутхэм яIэшъхьэтет ахэмэ ацIэхэр зэблихъугъэх:
Даниел – Бэлтэшэцар, Хъэнаный – Шадрах, Мыща-
ел – Мэщэх, Азарый – Абэднэгу афиусыгъ*.

[8] Пачъыхьэм иIанэ къытекIырэ гъомлапхъэми, ар
зашъорэ санэм фэдэхэмкIэ зимыушIоинэу Даниел ри-
хъухьи, пачъыхьэм иунэIутхэм яIэшъхьэтет ахэмкIэ
зыримыгъэушIоинэу елъэIугъ. [9] Тхьэм ынэшIукIэ унэ-
Iутхэм яIэшъхьэтет Даниел гукIэгъу къыфишIыгъ. [10] Па-
чъыхьэм иунэIутхэм яIэшъхьэтет Даниел къыриIуагъ:
«Сизиусхьанэу пачъыхьэм сыщэщынэ, шъушхыщтыри
шъузэшъощтыри ежьыр ары шъуфэзыгъэнэфагъэр. Шъуи-
лэгъу кIэлакIэмэ шъуанахь шъуагъоу ащ зилъэгъукIэ,
пачъыхьэм шъощ пае сшъхьэ шIуаригъэхыщт». [11] Ау Да-
ниел пачъыхьэм иунэIутхэм яIэшъхьэтет Даниелрэ ащ
ишъэогъухэу Хъэнаный, Мыщаел, Азарый алъыплъэнэу

* 1:7 КIэлакIэхэм ацIэхэу Тхьэу Зиусхьаным епхыгъагъэхэр Бабилэн тхьэхэм ацIэхэм япхыгъэхэмкIэ зэблахъугъэх. ГущыIэм пае: ЦIэу Даниел ижъырэ джуртыбзэмкIэ «Тхьэр – сихьыкумышI», ащ имэхьанэр «хьыкумкIэ сызыухыижьырэ си Тхьэ».

ахигъэуцуагъэм риIуагъ: 12 «СыолъэIу, мэфипшIым къы-
кIоцI тыуплъэкIу: уипщылIхэм тшхынэу хэтэрыкIхэмрэ
тешъонэу псы къодыерэ нэмыкI къытямыгъэт. 13 ЕтIанэ
тэрырэ адрэ кIэлакIэхэу пачъыхьэ Iанэм къытекIырэ
гъомлапхъэр зышхыгъэхэмрэ титеплъэхэр зэгъапшэхи,
зэрэплъэгъурэм елъытыгъэу тэ, уипщылIхэм, къыддэ-
зекIу».

14 Пачъыхьэм иунэIутхэм яIэшъхьэтет ащкIэ ядэIуи,
мэфипшIэ ахэр ыушэтыгъэх. 15 МэфипшI зытешIэм, ахэмэ
ятеплъэхэр нахь дахэхэу, апкъышъолкIи адрэ кIэлакIэхэу
пачъыхьэм иIанэ къытекIырэ гъомлапхъэр зышхыгъэ-
хэм анахь узынчъэхэу къычIэкIыгъэх. 16 Ащ къыщегъэ-
жьагъэу кIэлиплIым алъыплъэрэм ахэм яшхын Iахьэрэ
зэшъонхэ фэе санэмрэ ачIыпIэ, хэтэрыкIхэр къаритызэ
аригъэшхыщтыгъ. 17 А кIэлиплIым сыд фэдэ тхылъи
къагурыIонэу акъылышIуагъэрэ зэхэшIыкIыныгъэрэ
Тхьэм къаритыгъ, ащ нэмыкIэу Даниел пкIыхьапIэхэри
нэфапIэхэри къыгурыIонхэу Тхьэм ышIыгъ.

18 Пачъыхьэм ыгъэнэфэгъэ мафэр къызэсым, иунэ-
Iутхэм яIэшъхьэтет ахэр Нэбухэднэцар ыпашъхьэ къы-
рищагъэх. 19 Пачъыхьэр ахэмэ адэгущыIагъ, къызэрэчIэ-
кIыгъэмкIэ Даниели, Хъэнаныйи, Мыщаели, Азарыйи
афэдэ адрэ кIэлакIэмэ къахэкIыгъэп, джаущтэу ахэр
пачъыхьэм фэлажьэхэу аублагъ. 20 АкъылышIуагъэрэ
зэхэшIыкIыныгъэрэ зэпхьылIэн фэе сыд фэдэ Iоф-
кIи пачъыхьэр ахэмэ яупчIыгъэми тхьагурымагъохэу,
ушхъухьакIохэу пачъыхьэ хэгъэгум ис пстэухэми ахэр
фэдипшIыкIэ зэранахь Iушыхэр ащ нэрылъэгъу къы-
фэхъущтыгъэ.

21 Пачъыхьэу Корэщ тетыгъор къызыIэкIэхьэгъэ апэрэ
илъэсым нэс ащ Даниел щыIагъ.

## ЯтIонэрэ шъхьэр

### *Нэбухэднэцар иапэрэ пкIыхьапI*

2 [1] Нэбухэднэцар тетыгъор зиIыгъыр илъэситIум хэхьа-
гъэу пкIыхьапIэхэр ылъэгъугъэхэти, ыгурэ-ыпсэрэкIэ
гумэкIыгъом зэлъиубытыгъ, чъыер къемыкIужьы хъугъэ.
[2] Арыти пачъыхьэм унашъо ышIи тхьагурымагъохэр,
ушхъухьакIохэр, удыхэр, усэрэжъхэр пкIыхьапIэу ылъэ-
гъугъэхэм къарыкIырэр къыфаIотэнэу къаригъэщагъэх.
Адрэхэр къакIохи, пачъыхьэм ыпашъхьэ къиуцуагъэх.
[3] Пачъыхьэм ахэмэ ариIуагъ: «ПкIыхьапIэ слъэгъугъэшъ,
сыгурэ-спсэрэкIэ сэгумэкIы; ащ къикIырэр къызгуры-
жъугъаIу».

[4] Арыти усэрэжъмэ арамэибзэкIэ пачъыхьэм раIуагъ:
«О пачъыхь*! ЕгъашIэм опсэу! УипкIыхьапIэ уипщылIхэм
къытфэIуати, тэ ащ къикIырэр къыпфызэхэтфыщт».
[5] Пачъыхьэм усэрэжъмэ джэуап аритыжьыгъ: «Iуагъэу
сшIыгъэр мары: пкIыхьапIэу слъэгъугъэр къэшъуIуа-
тэу, ащ къикIырэр къызысэшъумыIокIэ, лы цIыкIу-лы
цIыкIоу шъузэхязгъэупкIэтэщт, шъуиунэхэри чIышъхьа-
шъом щизэу зэхязгъэкъутэщтых. [6] Ау, сипкIыхьапIи ащ
къикIырэри сэжъугъашIэмэ, тынхэри, IахьышIухэри,
лъытэныгъэшхуи къышъуфэзгъэшъощт. Арышъ,
сипкIыхьапIэ зыфэдэри ащ къикIырэри къысашъуIу».

[7] Ахэмэ ятIонэрэу къыраIуагъ: «Пачъыхьэм ипкIы-
хьапIэ ипщылIмэ къаферэIуати, ащ къикIырэр тэ

---

* 2:4 Ижъырэ Iэпэрытхыр мы чIыпIэм щегъэжьагъэу я 7-рэ шъхьэм икIэух нэс арамэибзэкIэ тхыгъэ.

къыфызэхэтфыщт». 8 Пачъыхьэм ариIожьыгъ: «Дэгъоу
сэшIэ, уахътэр шъокъудыи сиIуагъэ зыфэдэр шъошIэшъ.
9 ПкIыхьапIэу слъэгъугъэм къикIырэр къысашъуIорэп,
гухэлъэу шъуиIэр зы: пцIы къысфэшъуусынэу зышъо-
гъэхьазыры, шъузэгурыIуагъ; уахътэ тешIэмэ зыгорэ зэ-
блэхъугъэ хъунышъ, сыжъугъэделэнэу шъогугъэ. Арышъ
пкIыхьапIэу слъэгъугъэр къысфэшъуIуати, ащ къикIырэр
къысфызэхэшъуфын шъулъэкIыщтмэ сэ къэсшIэщт».
10 Усэрэжъмэ джэуап къатыжьи, пачъыхьэм къыраIуагъ:
«Пачъыхьэм ышIэмэ шIоигъор къыфызэIузыхын зы-
лъэкIын цIыф чIыгум тетэп. Джащ пае зы пачъыхьэ
гори, сыд фэдизэу цIэрыIоми е лъэкIышхо иIэми, ащ
фэдэкIэ ядэуагъэп зы тхьагурымагъуи, ушхъухьакIуи,
усэрэжъи. 11 Пачъыхьэм Iофэу къыфызэхэтфынэу зыфаер
къин дэд, тхьэхэм анэмыкI ар къышIэн ылъэкIыщтэп,
ау тхьэхэр цIыфхэм ягъусэхэу псэухэрэп». 12 А гущыIэ-
хэм пачъыхьэр лъэш дэдэу агъэгубжи, ышъэ икIыгъэу
Бабилэн ис акъылышIохэр зэкIэ агъэкIодынэу унашъо
ышIыгъ. 13 АкъылышIохэр аукIынхэу а унашъор къы-
зыдэкIым ыуж, Даниели ишъэогъухэми апсэ хахынэу
алъыхъущтыгъэх.

### *ПкIыхьапIэм къикIырэр Тхьэм Даниел къызэрэфызэIуихыгъэр*

14 Пачъыхьэм иухъумакIохэм япащэу Арыох, Бабилэн
ис акъылышIохэр зыукIынхэу ежьагъэм, Даниел губзы-
гъэу, Iушэу зыфигъэзагъ. 15 Даниел Арыохы еупчIыгъ:
«Сыда ащ фэдэ унэшъо пхъашэ пачъыхьэм зыкIишIы-
гъэр?» Арыти Арыох Iофыр зытет шъыпкъэр Даниел
къыфиIотагъ. 16 Ащ лъыпытэу Даниел кIуи, пачъыхьэм
дэжь чIахьи, пкIыхьапIэм къикIырэр зэхифынэу, уахътэ

къыритынэу елъэIугъ. 17 Даниел иунэ кIожьи, ишъэогъу-
хэм: Хъэнаныйи, Мыщаели, Азарыйи – къэбарэу щыIэр
афиIотагъ. 18 Уашъомэ я Тхьэ елъэIунхэу ахэм ариIуагъ:
гукIэгъу къафишIынэу, а шъэфыр къафызэIуихынэу,
ежьыри ишъэогъухэри нэмыкI акъылышIохэу Бабилэн
исхэм адамыукIынхэм пае.
19 Джащыгъум Тхьэм Даниел чэщым нэфапIэ къы-
ригъэлъэгъуи, а шъэфыр нафэ къыфишIыгъ. Даниели
Уашъомэ я Тхьэ щытхъу фишIыгъ. 20 Даниел къыIуагъ:

«Тхьэм ыцIэ егъашIэми щытхъу фарэшI!
АкъылышIуагъэри лъэкIыныгъэшхори Ащ
иIэхэба!
21 ЗэрехъокIых Ащ уахътэхэри лъэхъанэхэри;
Зы пачъыхьэм къыреты тетыгъор, адрэм
Iехыжьы;
ЦIыф акъылышIом – акъылышIуагъэр,
ШIэныгъэ зиIэм – зэхэшIыкIыныгъэр Арыба
язытрэр!
22 Куоу чIэухъумагъэри шъэфри Ащ
къызэIуехы,
ШIункIым щыгъэбылъыгъэри ешIэ;
Нэфынэри Ежь зыдэщыIэм щыI.
23 Щытхъу пфэсэшIы, усэгъэлъапIэ,
О, сятэжъмэ я Тхь!
АкъылышIуагъэрэ кIуачIэрэ
О къысэптыгъэхэшъ,
ТыкъызэрэолъэIугъэр О нафэ
къытфэпшIыгъэшъ,
Пачъыхьэр зыгъэгумэкIыщтыгъэр
О тэбгъэшIагъэшъ!»

### *Даниел пачъыхьэм ипкIыхьапIэ зэрэфызэхифыгъэр*

24 Бабилэн щыпсэурэ акъылышIохэр ыгъэкIодынхэу
пачъыхьэм унашъо зыфишIыгъэ Арыох дэжьы Даниел
чIахьи, ахэм афэгъэхьыгъэу риIуагъ: «Бабилэн ис акъы-
лышIохэр умыукIых; пачъыхьэм ыпашъхьэ сищи, ащ
ипкIыхьапIэ къикIырэр сэ къыфызэIусхыщт». 25 Ащ лъы-
пытэу Арыох пачъыхьэм дэжь Даниел чIищи, риIуагъ:
«Ехъуд хэкум къыращыгъэ гъэрмэ цIыф къахэзгъотагъ
пачъыхьэм ылъэгъугъэ пкIыхьапIэм къикIырэр къыIо-
тэн ылъэкIынэу». 26 Пачъыхьэр Бэлтэшэцар зыфаусыгъэ
Даниел къеупчIыгъ: «Шъыпкъэ дэдэмкIэ пкIыхьапIэу
слъэгъугъэр о къысфэпIотэни ащ къикIырэр къысэпIон
плъэкIыщта?» 27 Даниел пачъыхьэм риIожьыгъ: «Зы акъы-
лышIуи, ушхъухьакIуи, тхьагурымагъуи, жъогъуаплъи
къызэхифын ылъэкIыщтэп пачъыхьэр къызкIэупчIэрэ
шъэфыр. 28 Ау Уашъомэ я Тхьэ шъэфхэр къызэIуехых;
аужырэ мафэхэм къэхъущтыр пачъыхьэу Нэбухэднэцар
Ащ къыригъэлъэгъугъ. ПкIыхьапIэу, пшъхьэ фэгъэхьы-
гъэ нэфапIэу, уипIэгу уилъэу Тхьэм къыуигъэлъэгъугъэр
мары: 29 О, пачъыхьэу зиусхьаныр, уипIэгу уилъэу мыщ
ыуж къэхъущтым уегупшысэщтыгъэ, арыти Тхьэу шъэф-
хэр КъызэIузыхырэм къэхъущтыр къыуигъэлъэгъугъ.
30 Сэ псаоу щыIэ пстэуми санахь акъылышIокIэ арэп а
шъэфыр нафэ къызкIысфишIыгъэр, о, пачъыхьэм, пкIы-
хьапIэу плъэгъугъэм къикIырэр къыбгурыIонэу, угу илъ
гупшысэхэр зэхэпшIыкIынхэу ары нахь.

31 О, пачъыхьэу зиусхьаныр, мары плъэгъугъэр: сау-
гъэт шъэджашъэ горэ уапашъхьэ ит; ин дэдэу, узэри-
мыгъэплъэу зэпэшIэтыжьэу, итеплъи щынэгъо-гуи-
хэу. 32 А саугъэтым ышъхьэ дышъэ къабзэм, ыбгъэрэ



Саугъэт шъэджашъэу пачъыхьэу Нэбухэднэцар
пкIыхьапIэу ылъэгъугъэр *(2:31-33)*

ыӀэхэмрэ – тыжьыным, ыныбэрэ ыкохэмрэ – джэрзым
ахэшӀыкӀыгъагъэх. 33 Ылъакъохэр гъучӀыгъэх, ылъашъхьэ-
хэм азыныкъо – гъучӀэу, азыныкъо – етӀэ гъэжъагъэу
щытыгъ. 34 Уеплъы пэтзэ Ӏэ горэм, мыцӀыфыӀэу, мыжъо
къыдзи саугъэт шъэджашъэм ылъашъхьэхэу гъучӀ-етӀэ
зэхэлъым къяутэкӀи, зэхигъэшъхъэшъхъагъэх. 35 Джа-
щыгъум шъхъын-шъхъынэу зэхикъутагъэх: гъучӀыри,
ятӀэри, джэрзыри, тыжьынри, дышъэри гъэмафэм хьа-
мэхэм ателъ пыдзафэмэ афэдэу, жьыбгъэм рихьыжьэхи
лъэуж къэмынэу зэрихьажьыгъэх. Саугъэт шъэджашъэр
зыкъутэгъэ мыжъор къушъхьэ ин хъуи чӀыгур зэрэпсаоу
зэлъиубытыгъ.

36 Джары пкӀыхьапӀэр зыфэдэр! Ащ къикӀырэри джы
пачъыхьэм етӀон. 37 О, пачъыхьэу зиусхьаныр, пачъы-
хьэмэ уряпачъыхьэжь. Уашъомэ я Тхьэ пачъыхьэгъуи,
тетыгъошхуи, кӀуачӀи, щытхъуи къыуитыгъэх. 38 Тыдэ
щыпсэурэ цӀыфхэри, чӀышъхьашъом тет хьэкӀэ-къуа-
кӀэхэри, ошъогум щыхьарзэрэ бзыухэри – зэкӀэри Ащ
о пӀэ къырилъхьагъэх, пӀэмычӀэ илъхэу, ашъхьагъ ури-
гъэуцуагъ. Дышъэм хэшӀыкӀыгъэ шъхьэр – оры. 39 О
уауж зыкъыӀэтыщт нэмыкӀ пачъыхьэгъум, о уием нахьи
ащ изэшӀокӀ нахь мэкӀэщт; етӀанэ джэрзым зэрэчӀыгоу
тетыгъор щызыӀыгъыщт ящэнэрэ пачъыхьэгъуи къы-
кӀэлъыкӀощт. 40 ЯплӀэнэрэ пачъыхьэгъуми зыкъыӀэтыщт
гъучӀым фэдэу пытэщт; гъучӀым зэкӀэри зэрикъутэу,
зэригъэтакъоу, ащ адрэхэр зэкӀэ зэхикъутэщтых. 41 Лъа-
шъхьэхэмрэ лъэхъуамбэхэмрэ азыныкъо къошын зыха-
шӀыкӀырэ ятӀэм, азыныкъо гъучӀым ахэшӀыкӀыгъэхэу
зэрэплъэгъугъэхэм къикӀырэр пачъыхьэгъур гощыгъэ
зэрэхъущтыр ары. Ау гъучӀым къошын ятӀэр хэгъэкӀу-
хьагъэу зэрэплъэгъугъэм фэдэу гъучӀым хэлъ пытагъэ

Iахьэ гори ащ къыхэнэжьыщт. 42 Лъэхъуамбэхэр гъучIымрэ
ятIэмрэ зэфэдизэу ахэшIыкIыгъэхэу зэрэплъэгъугъэм
фэдэу пачъыхьэгъур зы лъэныкъомкIэ кIочIэшхоу, зы
лъэныкъомкIэ кIочIаджэу щытыщт. 43 ГъучIымрэ къошын
зыхашIыкIырэ ятIэмрэ зэхэгъэкIухьагъэу зэрэплъэгъу-
гъэм къикIырэр – къэзэрэщэн IофкIэ пачъыхьэгъухэр
зэрэзэхагъэкIухьащтыр ары. Ау гъучIымрэ ятIэмрэ зэхэ-
кIухьэу зэщыщ зэрэмыхъухэрэм фэдэу ахэм зыкIыныгъэ
ахэлъыщтэп. 44 А пачъыхьэгъумэ ямафэхэм Уашъомэ я
Тхьэ гъэшIэным мыкIодыжьын пачъыхьэгъу ыгъэуцущт;
ащ итетыгъо нэмыкI цIыф лъэпкъ IэкIигъэхьащтэп.
А пачъыхьэгъум адрэхэр зэкIэ зэхикъутэщтых, гъунэм
нигъэсыщтых, ау ежь егъашIэми щытыщт. 45 О плъэгъу-
гъэба, Iэ горэм, мыцIыфыIэу, мыжъор зыгорэм къыдзи,
гъучIыри, джэрзыри, ятIэри, тыжьыныри, дышъэри
зэрэзэхигъэшъхъэшъхъагъэр. Джаущтэу Тхьэшхом па-
чъыхьэм къэхъущтыр къыригъэлъэгъугъ. А пкIыхьапIэр
шъыпкъэ, къикIырэри нафэ!»

### *Пачъыхьэм IэнэтIэшIу Даниел зэрэфигъэшъошагъэр*

46 Джащыгъум пачъыхьэу Нэбухэднэцар Даниел ыпа-
шъхьэ бгъэгукIэ зыщыридзыхи шъхьащэ фишIыгъ;
тын лъапIэхэр къыфахьынэу, мэ IэшIу зыпихрэ уцхэри
фагъэстынхэу унашъо ышIыгъ. 47 Пачъыхьэми Даниел
риIуагъ: «Шъыпкъэ дэдэу, шъо шъуи Тхьэ тхьэмэ я Тхьэ-
жьыр ары – пачъыхьэхэм я Пщытатэу, шъэфхэр нафэ
къэзышIырэр ары, о а шъэфыр моущтэу къызэхэпфын
плъэкIыгъэмэ!» 48 Ащ ыуж пачъыхьэм Даниел лъытэны-
гъэшхо фишIыгъ, осэшхо зиIэ тынхэр бэу фигъэшъо-
шагъэх. Бабилэн хэкур зэрэпсаоу ыIэ рилъхьи, ащ ис
акъылышIо пстэуми тхьэматэ афишIыгъ. 49 Ау Даниел

илъэIукIэ Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи Бабилэн хэкум иIофхэр зэрагъэзекIонхэу пачъыхьэм ыгъэнэфагъэх, ежь Даниел пачъыхьэм иунэ-хапIэ къинагъ.

### Ящэнэрэ шъхьэр

***Дышъэм хэшIыкIыгъэ саугъэтым фэгъэхьыгъэ унашъор***

3 [1] Нэбухэднэцар пачъыхьэм дышъэм хэшIыкIыгъэ
саугъэт шъэджашъэ ашIынэу унашъо ышIыгъ. Илъэ-
гагъэ – Iэнтэгъу тIокIищ, ишъомбгъуагъэ – Iэнтэгъуих*
хъоу аригъэшIи, Бабилэн хэкум щыIэ Дурэ губгъом ра-
ригъэгъэуцуагъ. [2] Нэбухэднэцар ыIофтагъэх къаугъоин-
хэу сатрапхэр**, тхьэмэтэшхохэр, хьэблэ Iэшъхьэтетхэр,
упчIэжьэгъухэр, къэралыгъо ахъщэр зезыгъакIохэрэр,
хьыкумышIхэр, хэбзэухэсхэр, зэкIэ хэкухэм япащэ-
хэр – Нэбухэднэцар пачъыхьэм аригъэгъэуцугъэ дышъэ
саугъэт шъэджашъэм шъхьащэ фашIыныр зыщаублэрэ
мафэм къекIолIэнхэу, мэфэкIым хэлэжьэнхэу. [3] Ары-
ти сатрапхэр, тхьэмэтэшхохэр, хьэблэ Iэшъхьэтетхэр,
упчIэжьэгъухэр, къэралыгъо ахъщэр зезыгъакIохэрэр,
хьыкумышIхэр, хэбзэухэсхэр, зэкIэ хэкухэм япащэхэр
Нэбухэднэцар ыгъэуцугъэ саугъэт шъэджашъэм фэгъэ-
хьыгъэ мэфэкIым хэлэжьэнхэу къэзэрэугъойхи, саугъэт

* 3:1 Метрэ 27-рэ илъэгагъэу, метри 2-рэ сантиметрэ 70-рэ ишъомбгъуагъэу.

** 3:2 Персие хэгъэгур Iэхьэгъу-Iэхьэгъоу зэтеутыгъагъ. А Iахьэхэм «сатрапие» араIощтыгъэ, ахэр зыгъэIорышIэрэ хэбзэ IофышIэм «сатрапкIэ» еджэщтыгъэх.

шъэджашъэм ыпашъхьэ иуцуагъэх. 4 Джащыгъум гъоум
мэкъэ ІэтыгъэкІэ къыІуагъ: «Шъо, сыд фэдэ цІыф лъэп-
къи, лІакъуи, сыд фэдэ бзэ зэфэшъхьаф рыгущыІэрэ
цІыфхэри, пачъыхьэм унашъо къышъуфешІы: 5 бжъэмы-
ем, къамылым, бзэпспщынэм, пхъонтэпщынэм, пщы-
нэтІаркъом, сырынэм, орэдышъо къызэращырэ нэмыкІ
Іэмэ-псымэхэм амакъэ зызэхэшъухыкІэ, чІыгум бгъэгукІэ
зытешъудзэзэ, дышъэ саугъэт шъэджашъэу Нэбухэднэ-
цар пачъыхьэм аригъэгъэуцугъэм шъхьащэ фэшъушІ.
6 Хэтми зычІидзэу, шъхьащэ фэзымышІырэр машІокІэ
агъэплъыгъэ хьакум ащ лъыпытэу радзэщт». 7 Арыти,
бжъэмыем, къамылым, бзэпспщынэм, пхъонтэпщынэм,
пщынэтІаркъом, сырынэм, орэдышъо къызэращырэ
нэмыкІ Іэмэ-псымэ зэфэшъхьафхэм амакъэ цІыфхэм
зызэхахым, сыд фэдэ цІыф лъэпкъи, лІакъуи, сыд фэдэ
бзэ зэфэшъхьаф рыгущыІэрэ цІыфхэми зычІадзи, дышъэ
саугъэт шъэджашъэу Нэбухэднэцар аригъэгъэуцугъэм
шъхьащэ фашІыгъ.

### *Даниел ишъэогъуищ зэрагъэмысагъэхэр*

8 А охътэ дэдэм бабилэн цІыфхэм ащыщхэр къэсы-
хи, пачъыхьэм дэжь Іухьэхи, джурт лъэпкъым щыщ-
хэр бзэгу ахьыгъэх. 9 Ахэмэ Нэбухэднэцар пачъыхьэм
раІуагъ: «ЕгъашІэм ущэрэІ, пачъыхьэр! 10 О, пачъыхь,
унашъо пшІыгъэ бжъэмыем, къамылым, бзэпспщынэм,
пхъонтэпщынэм, пщынэтІаркъом, сырынэм, нэмыкІ
орэдышъохэр къызэращырэ Іэмэ-псымэ зэфэшъхьаф-
хэм амакъэ зызэхахыкІэ, цІыф пэпчъ чІыгум бгъэгукІэ
зычІидзынышъ, дышъэ саугъэт шъэджашъэм шъхьащэ
фишІынэу; 11 зычІидзэу, хэтми шъхьащэ зымышІырэр
машІокІэ агъэплъыгъэ хьакум ащ лъыпытэу радзэнэу.

12 Ау джурт лъэпкъым щыщхэу: Шадрах, Мэщэх, Абэд-
нэгу Бабилэн хэкум иIофхэр зэрагъэзекIонхэу бгъэнэ-
фагъэхэр – мы хъулъфыгъэхэм, о типачъыхь, уиунашъо
агъэцакIэрэп, уитхьэмэ афэлажьэхэрэп, дышъэ саугъэт
шъэджашъэу о ябгъэгъэуцугъэми шъхьащэ фашIырэп».
13 Ар зэрэзэхихэу Нэбухэднэцар лъэш дэдэу къэгубжи,
Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи къыфащэнхэу унашъо
ышIыгъэти, ахэр къыфащагъэх. 14 Нэбухэднэцар ахэм
яупчIыгъ: «Шадрах, Мэщэх, Абэднэгу, шъо шъыпкъэм-
кIэ шъушIэзэ ситхьэмэ шъуафэмылажьа, дышъэ саугъэт
шъэджашъэу язгъэгъэуцугъэми шъхьащэ фэшъумышIа?
15 Арэу щытмэ, джыдэдэм шъухьазырмэ, бжъэмыем, къа-
мылым, бзэпспщынэм, пхъонтэпщынэм, пщынэтIаркъом,
сырынэм, нэмыкI орэдышъохэр къызэращырэ Iэмэ-псымэ
зэфэшъхьафхэм амакъэ зэрэзэхэшъухэу, бгъэгукIэ чIыгум
зытешъудзи, саугъэт шъэджашъэу язгъэшIыгъэм шъхьа-
щэ фэшъушI! Шъхьащэ фэшъумышIымэ, ащ лъыпытэу
машIокIэ агъэплъыгъэ хьакум шъурязгъэдзэщт. Аущтэу
зыхъукIэ, сэ шъусIэкIэзыхыжьын зылъэкIын тхьэ щыIа?»
16 Шадрах, Мэщэх, Абэднэгу Нэбухэднэцар пачъыхьэм
къыраIожьыгъ: «Зытыухыижьыныр, ащ иджэуап тэ къы-
оттыжьыныр ищыкIагъэп. 17 Тэ ти Тхьэу тызыфэлажьэ-
рэм машIокIэ агъэплъыгъэ хьакум тыкъырищыжьынэу
лъэкI иI, ори, пачъыхь, тыкъыпIэкIихыжьыщт. 18 Аущтэу
мыхъуми, о типачъыхь, пшIэнэу тыфай уитхьэхэм тэ
тызэрафэмылэжьэщтыри, дышъэ саугъэт шъэджашъэу
ябгъэгъэуцугъэми шъхьащэ зэрэфэтымышIыщтыри».

### *Нэбгырищыр хьаку гъэплъыгъэм зэрэрадзагъэхэр*

19 Джащыгъум Нэбухэднэцар губжышхом зэлъи-
штагъ: Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи ыгъэпыйхэу, ышъо



Зэшъэогъу нэбгырищэу хьаку гъэплъыгъэм радзагъэхэр *(3:24-25)*

къызэокIыгъ, пхъашэу ажэхэплъагъ. Хьакур зэрагъэплъы
хабзэм фэдиблыкIэ нахь лъэшэу агъэплъынэу унашъо
ышIыгъ. [20] Анахь хъулъфыгъэ кIочIэшхохэу идзэ хэтхэм
Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи зэкIоцIапхэнхи, машIокIэ
агъэплъыгъэ хьакум радзэнхэу унашъо афишIыгъ. [21] Ары-
ти а лIыхэр, кIыIутелъхэри, гъончэдж лъэпэ быхъухэри
зэращыгъхэу, шъхьэкIапхэхэри зэракIэпхагъэхэу зэкIэ
щыгъынхэр* зэращыгъхэу апхыхи, машIокIэ агъэплъы-
гъэ хьакум радзагъэх. [22] Пачъыхьэм иунашъо пхъашэти,
хьакури лъэш дэдэу агъэплъыгъэти, Шадрах, Мэщэх,
Абэднэгу хьакум изыдзагъэхэ дзэкIолI хъулъфыгъэхэр
машIо тхъуабзэм къыстыгъэх. [23] Модрэ лIищыр – Шад-
рахи, Мэщэхи, Абэднэгуи машIокIэ агъэплъыгъэ хьакум
зэкIоцIыпхагъэхэу ифагъэх.

[24] Ылъэгъугъэр ыгъэшIагъуи, Нэбухэднэцар пачъы-
хьэр къызыщылъэти упчIэжьэгъухэм ариIуагъ: «Зэ-
кIоцIыпхагъэу машIом пэтыдзагъэр лIищыба?» «Ары
дэд, типачъыхь!» – къыратыжьыгъ адрэхэм пачъыхьэм
джэуап. [25] Нэбухэднэцар къыIуагъ: «Арышъхьае сэ мары
мыпхыгъэхэу, машIом хэтхэу, ащ къыщакIухьэу хъулъ-
фыгъиплI сэлъэгъу: лыягъи къяхъулIэрэп; тхьэ теплъэ
иIэу яплIанэрэр къэлъагъо».

### *Пачъыхьэм нэбгырищым лъытэныгъэ зэрафишIыгъэр*

[26] Нэбухэднэцар машIокIэ агъэплъыгъэ хьакум екIуа-
лIи хьакуIум иджагъ: «Тхьэу ЗэкIэмэ анахь Иным фэ-
лажьэхэу Шадрах, Мэщэх, Абэднэгу! ШъукъикIи, моу

* 3:21 Щыгъынхэр зыфэдагъэхэр гъэунэфыгъэу щытэп, арамэибзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ит гущыIэхэм ямэхьанэ щынафэп.

шъукъысэкIуалI!» Арыти Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи
мэшIо гузэгум къыхэкIыгъэх. 27 Сатрапхэу, тхьэмэтэшхо-
хэу, хьэблэ Iэшъхьэтетхэу, упчIэжьэгъухэу къэзэрэугъои-
гъэхэм нэрылъэгъу къафэхъугъ мо лIымэ апкъышъолхэм
машIор кIочIэгъу зэрафэмыхъугъэр: ашъхьацхэри лы-
гъуагъэхэп, ящыгъынхэми иягъэ якIыгъэп. Ар хэгъэкIи,
аужыпкъэм ахэм мэшIо-Iугъуами къапихыщтыгъэп.
28 Джащыгъум Нэбухэднэцар къыIуагъ: «Шадрахи, Мэ-
щэхи, Абэднэгуи я Тхьэ щытхъушхор ий. ИмэлэIич Ащ
къыгъэкIуагъэба, Ежь цыхьэ фэзышIэу къин чIыпIэ
ифагъэхэр къыхыригъэщыжьыгъэхэба. Ахэм пачъыхьэм
иунашъо агъэцэкIагъэп, ежьхэм я Тхьэ нэмыкI тхьэ горэ-
ми зэрэфэмылэжьэщтхэм, шъхьащэ зэрэфамышIыщтым
пае, апсэ атыным фэхьазырыгъэх! 29 Ащ къыхэкIэу сэ
унашъо сэшIы: “Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи, лIакъуи, сыд
фэдэ бзэ зэфэшъхьаф рыгущыIэрэ цIыфхэми ащыщэу
Шадрах, Мэщэх, Абэднэгу я Тхьэ мыхъун езыIолIэрэ
пстэури лы цIыкIу-лы цIыкIоу зэхарэупкIат, иунэ чIы-
шъхьашъом щизэу зэхарэкъут. Укъыкъонэжьынэу сыд
фэдэ тхьэ гори ахэм я Тхьэ нэмыкI щыIэп“». 30 Ащ ыуж
пачъыхьэу Нэбухэднэцар Шадрахи, Мэщэхи, Абэднэгуи
лъытэныгъэ афишIи, Бабилэн хэкум иIофхэр зэрагъэ-
зекIонхэу IэнатIэу яIагъэхэм ахигъэхъуагъ.

### *Пачъыхьэу Нэбухэднэцар имэкъэгъэIу**

31 «Сэ, Нэбухэднэцар пачъыхьэм, сыд фэдэ цIыф
лъэпкъи, лIакъуи, сыд фэдэ бзэ зэфэшъхьаф рыгущы-
Iэрэ цIыфхэми зэкIэ чIыгум щыпсэухэрэм шъосэIо:

* 3:31 Инджылызыбзэкlэ зэдзэкlыгъэм усэхэу 31-33-рэр я 4:1-3 къыщытыгъэх.

мамырныгъэрэ хахъорэ шъуерэІ, шъорэбагъу! 32 Тхьэу
ЗэкІэмэ анахь Иным нэшэнэ гъэшІэгъонхэу къысигъэ-
лъэгъугъэхэр, Іоф шІагъохэу къысфишІагъэхэр къышъу-
фэсІуатэхэ сшІоигъу.

33 Сыдэу ин дэдэха Ащ инэшанэхэр,
Сыдэуи гъэшІэгъонха Ащ иІофышхохэр!
Ипачъыхьэгъу Ащ – мыкІодыжьын,
Итетыгъо Ащ лІэуж зэкІэлъыкІохэм
ащылъыкІотэщт».

### ЯплІэнэрэ шъхьэр

*Нэбухэднэцар иятІонэрэ пкІыхьапІ**

4 1 «Сэ, Нэбухэднэцар, рэхьатэу сиунэ сисэу, нэхъо-
ир къысэбэкІэу къэлэсэраим сыщыпсэущтыгъ. 2 Ау
пкІыхьапІэ слъэгъуи, сигъэщынагъ; сипІэгу сыхэлъэу,
нэфапІэу къысфэлъэгъуагъэхэм гущтэ сагъэшІыгъ.
3 ПкІыхьапІэм къикІырэр къысаІоным пае, Бабилэн
хэгъэгум ис акъылышІохэр зэкІэ къысфащэнхэу унашъо
афэсшІыгъагъ. 4 Арыти тхьагурымагъохэр, ушхъухьа-
кІохэр, усэрэжъхэр, жъогъуаплъэхэр садэжь къэкІуа-
гъэх; сипкІыхьапІэ ахэмэ афэсІотагъ, ау ащ къикІырэр
къысфызэхафын алъэкІыгъэп. 5 Аужыпкъэм Даниелэу,
Бэлтэшэцар зыфаусыгъэр – ситхьэ ицІэджэгъоу, тхьэ лъа-
пІэхэм апсэ** зыхэлъыр, садэжь къэкІуагъ. СипкІыхьапІэ

* 4:1 ИнджылызыбзэкІэ зэдзэкІыгъэм мы усэр я 4:4 къыщежьэ.

** 4:5 Е Тхьэ лъапІэм ыпсэ.

ащ сэ фэсӀотагъ. [6] Сэ есӀуагъ: „О, Бэлтэшэцар, тхьагуры-
магъохэм ятхьэмат! Тхьэ лъапӀэхэм апсэ о зэрэпхэлъыр,
сыд фэдэ шъэфи къызэхэпфыныр о къин къызэрэпщы-
мыхъурэр сэ сэшӀэ. ПкӀыхьапӀэу слъэгъугъэм къедэӀуи,
къикӀырэр къысфызэхэф“.

[7] СипӀэ сыхэлъэу, нэфапӀэу сшъхьэ фэгъэхьыгъэу
слъэгъугъэр мыщ фэд: мары —

чӀыгу гузэгум чъыг лъэгэшхо ит.
[8] Чъыгышхоу, пытэу хахъуи зиӀэтыгъ,
ышъхьапэ уашъом нэсэу,
тыдрэ чӀыпӀэ щыпсэухэрэми ар алъэгъун
алъэкӀыщтыгъэ*.
[9] Ытхьэпэ дахэхэри Ӏужъухэу,
пхъэшъхьэ-мышъхьаби къыпыкӀэу,
зэкӀэми ашхын ащ пытыгъ;
ащ ычӀэгъ, жьаум, чӀышъхьашъом тет
хьэкӀэ-къуакӀэхэр чӀэсыщтыгъэх,
икъутамэхэм ошъогум щыхьарзэрэ бзыухэм
набгъохэр ащашӀыщтыгъ,
псэ зыпыт пстэури ащ щышхэщтыгъ.

[10] СипӀэ сыхэлъэу, пкӀыхьапӀэм щысэлъэгъу Ухъумэ-
кӀо ЛъапӀэр уашъом къызэрехыгъэр. [11] Мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ
къыӀуагъ:

«Мы чъыгыр ишъуупкӀ, икъутамэхэри
гошъуупкӀых,
итхьапэхэри пышъутхъыхэри
пхъэшъхьэ-мышъхьэу пытхэри
ишъутэкъухьэх;

* 4:8 АрамэибзэкӀэ тхыгъэ Ӏэпэрытхым мыщ дэжьым «чӀымэ агъунэ ущыӀэми ар щыплъэгъущтыгъэ» итхагъ.

ащ ычIэгъ чIэс хьэкIэ-къуакIэхэри
хэрэлъэдэжьых,
икъутамэхэм атес бзыухэри орэбыбыжьых.
12 Ау чъыг такъэмрэ лъапсэмрэ
гъучI-джэрз пшъэхъухэр ателъхэу,
губгъо уцмэ ахэтэу
чIыгум къытерэн.
Ошъогу осэпсыр ащ къытехэу,
губгъо уцым хэтэу, хьэкIэ-къуакIэмэ
адэпсэунэу орэхъу.
13 ЦIыф акъылыр чIинагъэу,
хьэкIэ-къокIэ гупшысакIэм итэу,
илъэсибл* шъхьарыкIыщт.
14 УхъумэкIо ЛъапIэхэр арых а унашъор
зышIыгъэхэр,
шыихъ лъапIэхэр арых хьыкумышIыгъэхэр
зыIуатэхэрэр.
Тхьэу зэкIэмэ анахь иныр –
псэ зыпыт пстэуми тыдэ ахэр щэпсэухэми –
япачъыхьэгъухэм тетыгъор ащызыIыгъыр,
зыфаем ар реты,
фаемэ анахь зэмыпэсыгъэхэри ашъхьагъ
ригъэуцонхэ зэрилъэкIырэр ашIэным пай.

15 Сэ, пачъыхьэу Нэбухэднэцар, джары пкIыхьа-
пIэу слъэгъугъэр. Джы о, Бэлтэшэцар, ащ къикIы-
рэр къысаIу, сыда пIомэ сипачъыхьэгъу ис акъы-
лышIохэм зэкIэми ащыщ горэми ащ къикIырэр

* 4:13 Ижъырэ арамэибзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «уахъ-
тибл».

къысфызэхифын ылъэкIыгъэп, ау о тхьэ лъапIэхэм
апсэ пхэлъышъ къызэхэпфын плъэкIыщт».

### *ЯтIонэрэ пкIыхьапIэр Даниел зэрэзэхифыгъэр*

16 Джащыгъум Даниел, БэлтэшэцаркIэ заджэхэрэр,
игупшысэхэм атещыныхьи, зэтекъагъэу заулэрэ щы-
тыгъ. Арыти пачъыхьэм къыриIуагъ: «Бэлтэшэцар! Мы
пкIыхьапIэми ащ къикIырэми уащымыщын». Мыдрэм
джэуап ритыжьыгъ: «Пачъыхьэу сизиусхьан! Узылъэ-
гъу мыхъурэмэ а пкIыхьапIэр алъэгъугъагъот, уипый-
хэм ащ къикIырэр афэгъэхьыгъагъот! 17 Чъыгышхоу
а плъэгъугъэр, пытэу хахъуи зызыIэтыгъэр, ышъхьа-
пэ уашъом нэсэу, тыдрэ чIыпIэ щыпсэухэрэми алъэ-
гъун алъэкIыщтыгъэр, 18 зитхьапэ дахэхэри Iужъухэу,
пхъэшъхьэ-мышъхьаби къызыпыкIэу, зэкIэми ашхын
зыпытыгъэр; зычIэгъ чIышъхьашъом тет хьэкIэ-къуа-
кIэхэр чIэсыщтыгъэхэр, зикъутамэхэм ошъогум щы-
хьарзэрэ бзыухэм набгъохэр щашIыщтыгъэр, 19 ар оры,
о типачъыхьэр – зилъэшыгъэ зэкIэмэ апшъэ хъуи зи-
тетыгъо пытагъэр. Уиинагъэ джарэу лъэшэу хахъуи,
уашъомэ анэсыгъ, уипачъыхьэгъуи зэрэчIыгоу зэлъеу-
быты. 20 О, типачъыхь, плъэгъугъэ – уеплъызэ Ухъумэ-
кIо ЛъапIэр уашъом къехи, къыIуагъэу: „Мы чъыгыр
ишъуупкIи, жъугъэкIоды; ау чъыг такъэмрэ лъапсэмрэ
гъучI-джэрз пшъэхъухэр ателъхэу, губгъо уцмэ ахэтэу
чIыгум къыхэжъугъан. Илъэсибл шъхьарэкIыфэ ошъо-
гу осэпсыр къытехэу, губгъо уцым хэтэу, хьэкIэ-къуа-
кIэмэ адэпсэунэу орэхъу“. 21 Ащ къикIырэр, о типа-
чъыхь, Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным сизиусхьанэу па-
чъыхьэм къехъулIэщтэу ыухэсыгъэр мары: 22 О цIыфмэ
уакIэрычыгъэу, чIышъхьашъом тет хьэкIэ-къуакIэхэм

уадэпсэущт; цум фэдэу уцыр пхъущт, ошъогу осэпсыр
къыптехэщт. Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным псэ зыпыт
пстэуми япачъыхьэгъухэм тетыгъор ащиIыгъэу, Ежь
зыфаем ар ритэу зэрэщытыр къыбгурэIофэ илъэсибл
пшъхьарыкIыщт. 23 Чъыг такъэмрэ лъапсэмрэ къагъэ-
нэнэу унашъо зэрашIыгъэм къикIырэр – Уашъомэ
я Тхьэ зэкIэ ыIэ зэрилъыр къызыбгурыIокIэ, уипа-
чъыхьэгъу къызэрэуатыжьыщтыр ары. 24 Арышъ, ти-
пачъыхь, джэнджэшэгъу сызэрэпфэхъурэр сыолъэIу
уигуапэу бгъэцэкIэнэу: псэкIодшIэным ыуж икIи,
шъыпкъагъэм тетэу псэуи, бзэджагъэхэм апыкIыжьи,
егъэзыгъэхэм гукIэгъу афэшIи – етIанэ мамырэу Тхьэм
бэрэ уигъэпсэунба!»

25 А зэкIэри Нэбухэднэцар пачъыхьэм къехъулIагъ.
26 Мэзэ пшIыкIутIу тешIагъэу, икъэлэсэраеу Бабилэн
дэтым иунашъхьэ* къыщикIухьэзэ, 27 пачъыхьэм ыIуагъ:
«Сэ скIуачIэрэ, силъэкIышхорэ къырылъэгъонхэу сэ-
рыба мы Бабилэнышхор зыгъэуцугъэр, пачъыхьэгъум
икъэлашъхьэ зыгъэпсыгъэр!»

28 Мы гущыIэхэр къымыухызэ, уашъом макъэ къиIу-
кIыгъ: «О къыпфэгъэхьыгъэу мыщ фэдэ унашъо ашIыгъ,
Нэбухэднэцар пачъыхьэр: уипачъыхьэгъу пIэ илъыжьэп!
29 О цIыфмэ уакIэрычыгъэу, чIышъхьашъом тет хьэ-
кIэ-къуакIэхэм уадэпсэущт; цум фэдэу уцыр пхъущт.
Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным псэ зыпыт пстэуми япачъы-
хьэгъухэм тетыгъор ащиIыгъэу, Ежь зыфаем ар ритэу
зэрэщытыр къыбгурэIофэ илъэсибл пшъхьарыкIыщт!»

---

* 4:26 АрамэибзэкIэ тхыгъэм хэтхагъ «къэлэсэраим ышъхьагъ».
А уахътэм унашъхьэр аIэтыгъэщтыгъэп, теягъэу, шъуаткIоу
щытыгъ.

30 Ар дэдэм Нэбухэднэцар раIолIагъэр хъугъэ. ЦIыфхэм
акIэрачыгъ, цум фэдэу уцыр ыхъугъ. Ошъогу осэпсыр
ыпкъ къытехагъ, ышъхьац бгъэжъым икъамзыйхэм
афэдэу кIыхьэу, ыIэбжъанэхэри бзыу лъэбжъанэхэм
афэдэхэу хъугъэх.

### *Нэбухэднэцар Тхьэм щытхъу зэрэфишIыгъэр*

31 «А уахътэр зытекIым, сэ, Нэбухэднэцар, уашъом
сыдэплъыягъ, сиакъыли згъотыжьыгъэ. Джащыгъум
Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным щытхъу фэсшIыгъ; ЕгъэшIэ-
рэу ЩыIэ Тхьэр згъэлъэпIагъэ, ищытхъу сIуагъэ.

Итетыгъо Ащ – мыкIодыжьын,
Ипачъыхьэгъу Ащ лIэуж зэкIэлъыкIохэм ащы-
лъыкIотэщт.
32 ЧIыгум цIыфэу щыпсэурэ пстэури Ащ
ыпашъхьэкIэ цIыкIужъыех;
Ошъогу кIуачIэхэми, чIыгум тетхэм зэкIэми Ар
зэрэфаеу адэзекIо;
Ар зыми къыгъэуцун ылъэкIыщтэп,
е „Сыда о пшIагъэр?“ ащ езыIони
щыIэп».

33 А охътэ дэдэм, сиакъыл зэрэзгъотыжьыгъэм тетэу,
сипачъыхьэ щытхъуи, лъытэныгъи, шъхьэкIэфэныгъи
къысфагъэзэжьыгъ. Джащыгъум сиупчIэжьэгъухэми,
цIыф лъэрыхьэхэми зыкъысфагъэзэжьыгъ, сипачъы-
хьэгъу сытырагъэуцожьыгъ, нахьыпэм нахьи нахь лъэш
сыхъугъ. 34 «Джы сэ, Нэбухэднэцар, сыщэтхъу, сэIэты,
сэгъэлъапIэ Уашъомэ я Пачъыхьэ. Ащ иIофхэр зэкIэри
шъыпкъэх, игъогухэри зафэх, пагэхэр ыгъэцIыкIунхи
ылъэкIыщт».

## Ятфэнэрэ шъхьэр

### *Дэпкъым тетхэгъэ гущыIэхэр*

5 [1] Бэлшэцар пачъыхьэм ицIыф лъэрыхьэ минмэ апае
ешхэ-ешъошхо ышIи, а минхэм санэм адешъуагъ. [2] Са-
нэм зешъуахэм, дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэ
хьакъу-шыкъухэу атэжъэу* Нэбухэднэцар Ерусэлэм Тхьэм
и Унэу дэтым къычIаригъэхыгъагъэхэр къыфахьынхэу
Бэлшэцар унашъо ышIыгъ. Ежь пачъыхьэри, ицIыф
лъэрыхьэхэри, ишъузхэри, ишъузгуадзэхэри арешъон-
хэм пае. [3] Арыти дышъэм хэшIыкIыгъэ хьакъу-шыкъухэу
Ерусэлэм Тхьэм и Унэу дэтым къычIахыгъэхэр къахьы-
гъэх; пачъыхьэри, ащ ицIыф лъэрыхьэхэри, ишъузхэри,
ишъузгуадзэхэри ахэм арешъонхэу рагъэжьагъ. [4] Санэм
ешъохэзэ, дышъэмрэ тыжьынымрэ, джэрзымрэ гъучIым-
рэ, пхъэмрэ мыжъомрэ ахэшIыкIыгъэ тхьэ нэпцIхэр
агъэлъапIэщтыгъэх.

[5] А сыхьатыпэ дэдэм цIыфыIэм ыIэхъуамбэхэр къэ-
лъэгъуагъэх, остыгъэр зытетым пэчIынатэу, пачъыхьэм
икъэлэсэрай дэпкъэу етIэфкIэ игъэм къытетхэхэу ауб-
лагъ. Пачъыхьэм цIыф Iашъхьэу тхэрэр инэрылъэгъугъ.
[6] Арыти пачъыхьэм ынэгу кIыфы хъугъэ; ыгу къихьа-
гъэмэ къагъэщынагъ, ылъакъохэм амыIыгъыжьэу къэ-
мэхагъэх, ылъэгуанджэхэр къэкIэзэзыхи зэутэкIхэу
хъугъэ. [7] Пачъыхьэр лъэшэу къэкууагъ ушхъухьакIохэр,
усэрэжъхэр, удыхэр къащэнхэу унашъо ышIыгъ. Па-

* [5:2] Ижъырэ Iэпэрытхым хэт гущыIэу «ят» зыфиIорэр ятэжъыни
ылъэкIыщт.




Дэпкъым тетхэгъэ гущыIэхэр *(5:5)*

чъыхьэр къэгущыӀи Бабилэн ис акъылышӀомэ ари-
Ӏуагъ: «Мо тхыгъэм къеджэу, ащ къикӀырэр къызгурыз-
гъаӀорэм щыгъын плъыжь-чӀапцӀашъо щязгъэлъэщт,
дышъэ пшъэхъуи ыпшъэ рязгъэлъхьащт, хэгъэгур зыӀэ
илъхэм ящэнэрэу ахэзгъэуцощт». [8] Пачъыхьэм зэкӀэ
иакъылышӀохэр къэзэрэугъоигъэх, ау тхыгъэм къе-
джэнхэуи, ащ къикӀырэри пачъыхьэм къыфызэхафы-
нэуи афэлъэкӀыгъэп. [9] Джащыгъум Бэлшэцар пачъы-
хьэр нахьи нахь лъэшэу къэщынагъ, ынэгуи нахьи нахь
кӀыф къэхъугъ, ицӀыф лъэрыхьэхэри ашӀэн амышӀэу
къызэхэнагъэх.

[10] Пачъыхьэмрэ ащ ицӀыф лъэрыхьэхэмрэ ягущы-
Ӏэхэр зэхихыгъэти пачъыхьэ гуащэр* ешхэ-ешъошхор
зыщырагъэкӀокӀырэ унэм чӀэхьагъ. «О пачъыхь, егъа-
шӀэм опсэу! – риӀуагъ ащ. – Угу къихьагъэхэм уарэ-
мыгъэщын, унэгуи зэрэмыокӀ! [11] Тхьэ лъапӀэхэм апсэ
зыхэлъ лӀы уипачъыхьэгъу ис. Уятэжъ итетыгъо лъэ-
хъаным шӀэныгъи, зэхэшӀыкӀыныгъи, акъылышӀуагъи,
тхьэхэм яакъылышӀуагъэ лъыкӀахьэу, ащ зэрэхэлъыр
къэнэфэгъагъ. Арыти о уятэжъэу, Нэбухэднэцар па-
чъыхьэм, тхьагурымагъохэм, удыхэм, ушхъухьакӀохэм,
усэрэжъхэм ежь пачъыхьэу уятэжъ ар ашъхьагъ ригъэ-
уцогъагъ. [12] А Даниелэу, Бэлтэшэцар пачъыхьэм зыфи-
усыгъагъэр, пкӀыхьапӀэ зэхэфыгъуаехэм къарыкӀырэр
зэхифышъунэу, сыд фэдэ шъэфи къышӀэшъунэу, Ӏоф
зэкъодзагъэхэр зэшӀуихыжьышъунэу акъылышӀуагъэрэ
шӀэныгъэрэ, зэхэшӀыкӀыныгъэрэ хэлъхэу къычӀэкӀы-
гъагъ. Арышъ Даниел къягъащ, тхыгъэм къикӀырэр ащ
къызэхегъэф».

* 5:10 «Пачъыхьэ гуащэр» пачъыхьэм янэу, е янэжъэу хъун ылъэкӀыщт.

### *Даниел тхыгъэр къызэрэзэхифыгъэр*

[13] Пачъыхьэм ыпашъхьэ Даниел къыращагъ. Пачъы-
хьэм Даниелы риIуагъ: «Ора Даниелэу, сятэжъэу пачъы-
хьэм Ехъуд хэкум къырищыгъэгъэ гъэрмэ ащыщыр? [14] О
Тхьэ лъапIэхэм апсэ пхэлъэу, шIэныгъэрэ зэхэшIыкIы-
ныгъэрэ, акъылышIогъэ инрэ къыпхагъотагъэхэу сэ зэ-
хэсхыгъэ. [15] Мары, акъылышIохэмрэ ушхъухьакIохэмрэ
къысфащэгъагъэх, мо тхыгъэм къеджэнхи, ащ къикIырэр
къызгурагъэIонэу; ау ахэмэ ар афэшIагъэп. [16] Ау о пкIыхьа-
пIэмэ къарыкIырэр, Iоф зэкъодзагъэхэр зэшIопхыжьынхэ
плъэкIэу ощ пае аIоу сэ зэхэсхыгъэ. Арышъ, мо тхыгъэм
укъеджэн плъэкIэу, ащ къикIырэр къысфызэхэпфымэ,
щыгъын плъыжь-чIапцIашъо къыпщязгъэлъэщт, ды-
шъэ пшъэхъуи упшъэ къырязгъэлъхьащт, хэгъэгур зыIэ
илъхэм ящэнэрэу уахэзгъэуцощт». [17] Даниел пачъыхьэм
джэуап ритыжьыгъ: «Уитынхэр къызыфэгъэнэжьых,
лъытэныгъэри нэмыкI горэм фэгъэшъуаш. Сэ ахэр хэ-
мытхэми дэпкъым тетхагъэм пачъыхьэм сыкъыфеджэни,
къикIырэри къыфызэхэсфыщт.

[18] О пачъыхь! Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным пачъыхьэ-
гъуи, тетыгъошхуи, кIуачIи, щытхъуи, уятэжъэу Нэ-
бухэднэцар къыритыгъагъэх. [19] Тетыгъошхоу Тхьэм ащ
къырипэсыгъэм зэкIэ цIыф лъэпкъи, лIакъуи, сыд фэдэ
бзэ зэфэшъхьаф рыгущыIэрэ цIыфхэри ыгъэтхыощты-
гъэх, ыгъэщынэщтыгъэх: зыфаер пачъыхьэм аригъэу-
кIыщтыгъэ, зыфаер псаоу къыгъэнэжьыщтыгъэ; зыфаер
ыIэтыщтыгъэ, зыфаер ыушъхьакIущтыгъэ. [20] Ау ыгу
пэгагъэр зетIысхьэм, шIыкIэягъэм нэсэу жъалымыгъэм
зызэлъештэм, ипачъыхьэ тахътэ къырадзыхи, ищытхъуи
шIуагъэкIодыгъ. [21] Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным псэ зыпыт

пстэуми япачъыхьэгъухэм тетыгъор ащиIыгъэу, Ежь зыфаем ар ритэу зэрэщытыр къыгурэIофэ цIыфхэм ахафыгъ, хьэкIэ-къуакIэхэм афэдэу ар акъылынчъэ хъугъэ, щыд Iэлхэм ягъусэу адэпсэугъ; ащ цум фэдэу уц рагъэхъугъ, уашъом къехырэ осэпсыр ыпкъ къытехагъ.
22 Ау, ори, ащ ыкъоу Бэлшэцар, а пстэум уащыгъуазэу
щытыгъэми, угукIэ уеуцолIагъэп. 23 Уашъохэм я Зиусхьа-
ным упэшIуекIоу о зыпIэтыгъ. Ащ и Унэ ит хьакъу-шыкъухэр къыпфахьынхэу унашъо пшIыгъэ. Ори, уицIыф лъэрыхьэхэри, уишъузхэри, уишъузгуадзэхэри ахэмкIэ санэм шъуешъуагъ. Дышъэмрэ тыжьынымрэ, джэрзымрэ гъучIымрэ, пхъэмрэ мыжъомрэ ахэшIыкIыгъэ тхьэ нэпцIхэу зыпари зымылъэгъухэрэм, зэхэзымыхыхэрэм, зэхэшIыкI зимыIэхэм щытхъу афэпшIыгъ. Ау уигъашIэрэ уигъогухэмрэ зэкIэ ЗыIэ илъ Тхьэм лъытэныгъэ
фэпшIыгъэп. 24 Джары Iэу мор зытхыгъэр Ащ къызыкIыплъигъэIэсыгъэр.
25 Мыщ тетхагъэр мары: МЕНЕ, МЕНЕ, ТЕКЕЛ, ПАРСИН*.
26 ГущыIэхэм къарыкIырэр мары:
МЕНЕ – къылъытагъ уипачъыхьэгъу имафэхэр Тхьэм, ахэм кIэух къафишIыгъ;
27 ТЕКЕЛ – уищэчыгъ щэчалъэмкIэ, упсынкIэ дэдэу къычIэкIыгъ;
28 ПЕРЕС – ыгощыгъ уипачъыхьэгъу, мадай цIыфхэмрэ пэрсий цIыфхэмрэ аритыгъ».

---

* 5:25 «МЕНЕ» – арамэибзэм щагъэфедэщтыгъэ лъытэкIэ амалхэм ащыщ. «ТЕКЕЛ» – щэчыкIэ амалхэм ащыщ. «ПЕРЕС» (ПАРСИН – бэ пчъ.) – ГощыкIэ амалхэм ащыщ. Мыщ икъэIуакIэ арамэибзэмкIэ перс цIыфхэм ацIэ икъэIуакIэ тефэ.

29 Джащыгъум Бэлшэцар иунашъокIэ Даниел щы-
гъын плъыжь-чIапцIашъо щалъагъ, дышъэ пшъэхъури
ыпшъэ ралъхьагъ, хэгъэгур зыIэ илъхэм ящэнэрэуи
ахагъэуцуагъ.
30 КъыкIэлъыкIорэ чэщым Бэлшэцар, бабилэн пачъы-
хьэр, аукIыгъ. 31 Мадаймэ ащыщэу Дарый илъэс тIокIи-
щырэ тIурэ ыныбжьэу пачъыхьагъум техьагъ.

## Яхэнэрэ шъхьэр

### *Даниел зэрагъэмысэн ипыйхэр зэрэлъыхъугъэхэр*

**6** 1 Дарый унашъо ышIи, сатрап* нэбгыришъэрэ тIо-
кIырэ хэгъэгум тетыгъо щыряIэнэу тыригъэуцуагъ.
2 Даниел ахэтэу, ахэм ашъхьагъ тхьэмэтэшхоу нэбгырищ,
Даниел ящэнэрэу, ригъэуцуагъ. Пачъыхьэм гумэкI гори
имыIэнэу сатрапмэ Iофэу ашIэрэм якIэух пстэури ахэм
къарахьылIэжьын фэягъ. 3 А Даниел шэнышIоу хэлъхэм-
кIэ сатрапхэмрэ тхьэмэтэшхохэмрэ къахэщыщтыгъ, ащ
пае пачъыхьэгъур зэрэпсаоу ащ ыIэ рилъхьэ шIоигъоу
пачъыхьэр егупшысэщтыгъэ.
4 Джащ пае сатрапхэмрэ тхьэмэтэшхохэмрэ Дани-
ел пачъыхьэгъур зэригъэIорышIэрэм мытэрэз горэ
къыхагъэщынэу, ащкIэ зэрагъэмысэн горэм лъыхъу-
хэу ублагъ. Ау Даниел шъыпкъагъэ хэлъыгъ, дагъокIэ
фэплъэгъун е зэрэбгъэмысэн гори къыхафэщтыгъэпти
ушъхьагъу гори, щыкIагъэ гори къагъотын алъэкIы-
щтыгъэп. 5 Арыти а цIыфмэ аIуагъ: «Идин епхыгъэ горэ

* 6:1 Еплъ: 3:2

къыхэтымыгъэщыщтмэ, Даниел зэрэдгъэмысэн ушъхьа-
гъу къэдгъотыщтэп». [6] ЕтIанэ а тхьэмэтэшхохэмрэ сат-
рапхэмрэ шъэфэу зэгурыIохи, пачъыхьэм дэжь кIохи,
раIуагъ: «О пачъыхьэу Дарый! ЕгъашIэм опсэу! [7] Пачъы-
хьэгъум зэкIэ итхьэмэтэшхохэм, пачъыхьэныкъохэмрэ
сатрапхэмрэ, упчIэжьэгъухэмрэ Iэшъхьэтетхэмрэ пачъы-
хьэм унашъо къыдигъэкIыныр, шапхъэ ыгъэнэфэныр
игъоу тэлъэгъу: мэфэ щэкIым къыкIоцI тхьэ горэм е ощ
нэмыкI цIыф горэм, хэти орэхъу, зелъэIукIэ, аслъанхэр
зэрыс машэм радзэнэу. [8] Арышъы, о типачъыхь, ащ фэдэ
унашъо къыдэгъэкIи, шапхъэ къэгъэнафи – Мадайми
Пэрсиеми зэряхабзэу, ар зэбламыхъунэу пIапэ къыкIа-
дзэба». [9] Джащыгъум пачъыхьэу Дарый къезэгъи, ащ фэдэ
унашъо къыдигъэкIыгъ, ыIапи кIидзэжьыгъ.

### *Даниел аслъанхэр зэрыс машэм зэрэрадзагъэр*

[10] Ащ фэдэ унашъо къызэрэдэкIыгъэр Даниел зешIэм
иунэ кIожьи, ашъхьагъырэ унэу зишъхьангъупчъэ Iухы-
гъэхэр Ерусэлэм ылъэныкъокIэ гъэзагъэхэм ихьагъ.
НахьыпэкIэ зэрихабзэщтыгъэу, мафэм щэгъогогъо лъэ-
гонджэмышъхьэкIэ щысэу и Тхьэ елъэIугъ, щытхъу
фишIыгъ. [11] Модрэ шъэфэу зэгурыIуагъэхэр, Даниел
еплъакIохи, тхьэлъэIу ышIэу, и Тхьэ IэпыIэгъу къыфэ-
хъунэу елъэIоу алъэгъугъ. [12] Залъэгъум пачъыхьэм дэжь
кIохи, иунашъоу къыдигъэкIыгъэр ыгу къагъэкIыжьыгъ:
«О пачъыхь, мэфэ щэкIым къыкIоцI тхьэ горэм, е ощ
нэмыкI цIыф горэм, хэти орэхъу, зелъэIукIэ, аслъан-
хэр зэрыс машэм радзэнэу орыба унашъо зышIыгъэр?»
Пачъыхьэм къариIожьыгъ: «Мадайми Пэрсиеми яхэбзэ
гъэуцугъэу, зэблэпхъун умылъэкIын унэшъо пытэу ар
щыт». [13] Джащыгъум, ахэмэ пачъыхьэм джэуап ратыгъ:

«А Даниелэу, Ехъуд хэкум къыращыгъэ гъэрхэм ащы-
щым, о типачъыхь, ори укъыридзэрэп, унашъоу узыкIэ-
тхагъэри ыгъэцакIэрэп. Мафэм щэгъогогъо ар нахьыпэм
фэдэу итхьэ елъэIу». 14 Ар зэрэзэхихэу пачъыхьэр лъэшэу
къэнэшхъэи, Даниел ымыгъэкIодынэу ыгу риубытагъ,
тыгъэ къохьажьыгъор къэсыфэ ылъэкI къымыгъанэу
амалхэм яусагъ. 15 Ау шъэфэу зэгурыIуагъэхэр зэгъусэхэу
пачъыхьэм дэжь кIохи, раIуагъ: «Угу къэгъэкIыжьба, о
типачъыхь: Мадаймрэ Пэрсиемрэ яхабзэкIэ пачъыхьэр
зыкIэтхэжьыгъэ сыд фэдэ унашъуи шапхъи зэблэпхъун
зэрэмылъэкIыщтыр».

16 Аущтэу зыраIом пачъыхьэм унашъо ышIи, Даниел
къаригъащи, аслъанхэр зэрыс машэм раригъэдзагъ. Па-
чъыхьэм Даниел риIуагъ: «Уцугъуи тIысыгъуи уимыIэу
уи Тхьэу узыфэлажьэрэм укъерэгъэнэжь!» 17 Ыужым мы-
жъо къахьи, мэшэIум тыралъхьагъ. Даниел фаухэсыгъэр
шIокI имыIэу агъэцэкIэным пае мыжъом пачъыхьэм
имыхъури ицIыф лъэрыхьэхэм ямыхъури тырадзагъ.
18 ЕтIанэ пачъыхьэм икъэлэсэрай ыгъэзэжьыгъ, пчыхьэм
шхагъэп, зэщтегъэу Iофи хэмыхьэу гъолъыжьыгъэ, ау
чэщ реным чъыер къекIугъэп.

### *Даниел аслъанхэм къызэраIэкIэкIыгъэр*

19 Нэфылъэр къызэрэзэкIичэу пачъыхьэр къэтэджи,
аслъанхэр зэрыс машэм дэжь лъэтемытэу кIуагъэ. 20 Ма-
шэм екIуалIи, гуIэн макъэкIэ Даниел еджагъ: «Дани-
ел, Тхьэу егъашIэм щыIэм иIумэт! Уцугъуи тIысыгъуи
уимыIэу уи Тхьэу узыфэлажьэрэм аслъанхэм уакъыIэ-
кIихын, укъыгъэнэжьын ылъэкIыгъа?» 21 «О пачъыхьэр!
ЕгъашIэм опсэу! – Даниел пачъыхьэм къыриIожьыгъ. –
22 Си Тхьэ имэлэIич къыгъакIуи, аслъанхэм ажэхэр



Даниел аслъанхэр зэрыс машэм зэрэрадзагъэр *(6:16)*

зэфишIыгъэх. Ащ ыпашъхьэ сыщыхыети ахэмэ зыпари
къысашIэшъугъэп. Ори уапашъхьэкIэ, о пачъыхь, зы
мыхъун закъуи сшIагъэп». 23 Ар зызэхехым пачъыхьэр
лъэш дэдэу гушIуагъэ, Даниел машэм къырахыжьынэу
унашъо ышIыгъ. Даниел машэм къызырахыжьым и Тхьэ
шIошъхъуныгъэ зэрэфыриIэм къыхэкIэу ыпкъ фыкъуа-
гъэ гори зэримыIэр нафэ къэхъугъ. 24 ЕтIанэ пачъыхьэм
унашъо ышIи, Даниел зыгъэмысэщтыгъэхэр къащэ-
хи, ахэр, якIалэхэри, яшъузхэри ягъусэхэу аслъанхэр
зэрыс машэм радзагъэх. Ахэр машэм ычIэ нэмысхэзэ,
аслъанхэр къатебанэхи, зэкIэ акъупшъхьэхэр зэхагъэ-
тэкъуагъэх.

25 Дарый пачъыхьэм лъэпкъи, лIакъуи, сыд фэдэ бзэ
зэфэшъхьаф рыгущыIэрэ цIыфхэуи чIыгум зэфэдэкIэ
щыпсэухэрэм зэкIэм афитхыгъ: «Мамырныгъэрэ хахъорэ
шъуерэI, шъобагъу! 26 Сэ унашъо сэшIы: сипачъыхьэгъу
итыдэрэ къуапи щыпсэурэ цIыфхэр Даниел и Тхьэ ыпа-
шъхьэ орэщынэх, орэкIэзэзых,

Ары Тхьэу щыIэр,
сыдигъуи щыIэщтыр,
Ащ Ипачъыхьэгъу мыкIодыжьын,
Итетыгъуи егъэшIэрэу щытыщт.
27 Ащ укъегъэнэжьы, укъеухъумэ,
нэшэнэ гъэшIэгъонхэр, Iоф шIагъохэр
уашъоми чIыгуми ащызэшIуехы;
Ежьыр ары Даниел
аслъан лъабжъэхэм къаIэкIэзыхыжьыгъэр,
къэзыгъэнэжьыгъэр».

28 А Даниел Дарый ипачъыхьэгъуми, пэрсиемэ ащы-
щэу Корэщ ипачъыхьэгъуми шIур къыдэхъоу щыIагъ.

# Тхьэм къыригъэлъэгъугъэхэр Даниел къызэриIотагъэхэр (я 7:1-рэ – я 12:13-рэ шъхьэхэр)

## Яблэнэрэ шъхьэр

### *Даниел хьэкIэ-къокIэ иныжъиплIыр нэфапIэу зэрилъэгъугъэр*

7 [1] Бабилэн хэгъэгум ипачъыхьэу Бэлшэцар пачъы-
хьэгъум зытехьэгъэ апэрэ илъэсым Даниел ипIэгу
илъэу пкIыхьапIэм хэтэу нэфапIэ горэ ылъэгъугъ. ЕтIанэ
а пкIыхьапIэр ытхыжьыгъ. Мары а къэбарыр: [2] Даниел
къытхыгъ – «Сэ, Даниел, чэщым нэфапIэм сыхэтэу слъэ-
гъугъэ – мары, уашъом щызезэрэхьэрэ жьыбгъиплIым
хышхор зэтырахэу, агъэуалъэщтыгъэ. [3] ХьэкIэ-къокIэ
иныжъиплI зыр адрэм фэмыдэу хым къыхэкIыгъэх.
[4] Апэрэр – аслъаным фэдагъ, бгъэжъ тамэхэр готыгъэх.
Сеплъызэ, синэрылъэгъоу ащ ытамэхэр гуатхъыхи, чIы-
гум тыраIэтыкIи, цIыфым фэдэу лъэкъуитIукIэ агъэу-
цугъ, цIыфыгуи ратыгъ. [5] ЕтIанэ мары ятIонэрэу, джыри
зы хьэкIэ-къуакIэ мышъэм фэдэу къыхэкIыгъ. Ащ зы-
къыIэти ыужрэ лъэкъуитIум къатеуцуагъ, ыцэмэ ахэтэу
цэгищ ыжэ къыдэщыщтыгъэ. Ащ унашъо фашIыгъ:
„Къэтэджи, зыогъэшхэкIыфэ лы шхы!“ [6] Ащ ыуж слъэ-
гъу пэтзэ: мары джыри хьэкIэ-къуакIэ хьашыумышым
фэдэу къэлъэгъуагъ. Ащ ыкIыб бзыу тэмиплI тетыгъ. А
хьэкIэ-къуакIэм шъхьиплI шIотыгъ, тетыгъор ащ ратыгъ.



Даниел хьэкIэ-къокIищэу нэфапIэу ылъэгъугъэхэр *(7:3-6)*

7 Ащ ыуж чэщым нэфапIэм сыхэтэу слъэгъугъэ яп-
лIэнэрэ хьэкIэ-къуакIэр: лъэшэу щынагъоу, къобэ-бжъэ-
бэшхоу, кIочIэшхо дэдэу. Ащ гъучIыцэ инхэр Iутыгъэх,
ыпэ къифэрэр зэхишхыхьэщтыгъэ, зэхигъэтакъощты-
гъэ, къэнэжьырэр лъакъокIэ ыщытIэжьыщтыгъэ. Ар
ыпэрэ хьэкIэ-къуакIэмэ атекIыщтыгъэ, бжъэкъуипшIи
тетыгъ. 8 А бжъакъохэм сяплъызэ, слъэгъу пэтзэ, мары
ахэм азыфагу джыри бжъэкъо цIыкIу къыдэкIыгъ. Ад-
рэ бжъакъомэ ащыщэу щыр алъапсэхэр зэрапытхэу ащ
къыхитхъыгъэх. А бжъакъом нэхэр цIыфынэм фэдэу,
жи пагэу гущыIэу иIагъэх».

### ***Тхьэм ихьыкум нэфапIэр***

9 «ЕтIани слъэгъугъэ:
агъэуцугъэхэу, тахътэхэр щытыгъэх,
Зимафэхэр Жъы дэдэр тахътэм тетIысхьагъ;
щыгъыр – ос фыжьэу,
ышъхьацхэр – цы къабзэу;
итахътэ – мэшIотхъуабзэу,
тахътэ щэрэхъхэр – мэшIолыгъаеу.
10 КъычIилъэсыкIырэ машIор псыорэу устхъоу,
ыпашъхьэ Ащ щечъэхыщтыгъэ;
минхэм яминижьхэр Ащ фэлажьэщтыгъэх,
цIыф жъугъэр Ащ ыпашъхьэ итыгъ;
хьыкумэшIхэр тIысыгъэх,
тхылъхэр къызэгуахыгъэх.

11 Сыщытыгъ сеплъэу, бжъакъом гущыIэ пагэу къыIо-
хэрэм сядэIоу. Слъэгъугъэ хьэкIэ-къуакIэр зэраукIыгъэр,
ихьадэ зэрагъэкIодыжьыгъэр – машIом зэрэщагъэсты-
жьыгъэр. 12 Адрэ хьэкIэ-къуакIэхэм тетыгъор къаIахыжьи,



ЯплIэнэрэ хьэкIэ-къуакIэу бжъакъохэр зытетэу Даниел
нэфапIэу ылъэгъугъэр *(7:7-8)*

къагъэшIэжьынэу охътэ гъэнэфагъэрэ пIэлъэ гъэнэфа-
гъэрэ аратыгъэх.

[13] Чэщым нэфапIэм сыхэтэу слъэгъугъэ:
мары ошъогум ит пщэхэм ахэтэу
зыгорэ къэкIо, цIыфым* ар фэд.
Зимафэхэр Жъы дэдэм дэжь ар къынэсыгъ,
Ащ ыпашъхьэ ращагъ.
[14] Тетыгъуи, щытхъуи, пачъыхьэгъуи ащ
ратыгъэх.
Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи, лIакъуи,
сыд фэдэ бзэ зэфэшъхьаф рыгущыIэрэ
цIыфхэри
ащ еуцолIэщтых.
Ащ итетыгъо – егъэшIэрэ тетыгъу,
кIодыжьыщтэп ипачъыхьэгъуи,
егъашIи зэхэтэкъощтэп».

### *Даниел ылъэгъугъэ нэфапIэмэ къарыкIырэр*

[15] «Сэ, Даниел, спсэ гузэжъогъу хэтыгъ, сынэгу кIэкIы-
гъэ а нэфапIэхэм сыгучIэ рахыгъ. [16] А чIыпIэм щытхэм
яз горэм секIуалIи, а зэкIэмэ къарыкIырэ шъыпкъэр
къысиIонэу сеупчIи, къезгъэIуагъ. Джащыгъум нэфапIэу
слъэгъугъэм къикIырэр ащ къысфызэхифыгъ: [17] „Мы хьэ-
кIэ-къокIэ иныжъиплIыр – чIыгум зыкъыщызыIэтыщт
пачъыхьиплIыр ары. [18] Аужыпкъэм Тхьэу зэкIэмэ анахь
Иным фэшъыпкъэ цIыфхэм тетыгъор аIэкIэхьащт, егъа-
шIэми аIэкIэмыкIэу а пачъыхьэгъур ахэм аIэкIэлъыщт“.
[19] ЕтIанэ адрэ зэкIэмэ атекIыщтыгъэ яплIэнэрэ
хьэкIэ-къуакIэм фэгъэхьыгъэ шъыпкъэр зэзгъашIэмэ

* 7:13 АрамэибзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «цIыфым ыкъу».

сшIоигъо сыхъугъ. Ар лъэшэу щынагъоу, къобэ-бжъэ-
бэшхоу, кIочIэшхо дэдэу, гъучIыцэ инхэр зыIутэу, зы-
лъабжъэхэр джэрзэу, ыпэ къифэрэр зэхэзышхыхьэу,
зэхэзыгъэтакъощтыгъэу, къэнэжьырэр лъакъокIэ зы-
щытIэжьыщтыгъэр ары. 20 Джыри ащ ышъхьэ бжъэ-
къуипшIэу тетыгъэми, ахэмэ азыфагу бжъакъоу къыдэ-
кIи, бжъэкъуищыр къыхэзытхъыгъэми якъэбар сшIэнэу
сыфэягъ. А бжъакъоу адрэмэ анахь ины къыпщыхъоу,
нэхэри, пагэу гущыIэрэ жэри зиIагъэм фэгъэхьыгъэуи.
21 А бжъакъор, Тхьэм фэшъыпкъэхэм зао аришIылIа-
гъэу, атекIоу сэ слъэгъугъэ. 22 Джаущтэу щытыгъ Зи-
мафэхэр Жъы дэдэр къэкIофэ. Джащыгъум хьыкумым
унашъо ышIыгъ Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным фэшъып-
къэхэр ыухыеу*. Иуахътэ къызэсым ахэмэ тетыгъор
аIэкIэхьагъ.

23 А зэкIэмэ афэгъэхьыгъэу сызэупчIыгъэм къыси-
Iуагъ моущтэу:

„ЯплIэнэрэ хьэкIэ-къуакIэр –
адрэ пачъыхьэгъухэм афэмыдэу
яплIэнэрэ пачъыхьэгъоу чIыгум
тетыщтыр ары.
Ащ чIыгур зэкIэ зэришхыщтыр,
зэрищытIэщтыр, зэригъэтэкъощтыр ары.
24 БжъэкъуипшIым къикIрэр –
а пачъыхьэгъум пачъыхьипшI
къызэрэхэкIыщтыр ары.
Ахэмэ ауж зыми фэмыдэу нэмыкI пачъыхьэ
зыкъыIэтыщт,

---

* 7:22 Мыщ нэмыкI мэхьанэ иIэн ылъэкIыщт: Зимафэхэр Жъы дэдэм Тхьэм фэшъыпкъэхэм хьыкум ашIынэу фитныгъэ аритыгъ.

ащ пачъыхьищыр тыридзыщт.
25 Ащ Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным пэшIуекIорэ
гущыIэхэр къыIощтых.
Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным фэшъыпкъэхэр
ыгъэпщылIыщтых;
мэфэкI лъапIэхэмрэ хабзэхэмрэ зэблихъунхэу
пылъыщт.
Тхьэм фэшъыпкъэхэр илъэсищрэ ныкъорэ* ащ
ыIэ илъыщтых.
26 Нэужым хьыкумышIхэр зэхэтIысхьанхэшъ,
ащ итетыгъо Iахыщт,
ежь егъэшIэрэу агъэкIодыщт.
27 Ошъо чIэгъым щыIэ пачъыхьэгъухэм анахь
лъэшэу
пачъыхьэгъуи, тетыгъуи, лъытэныгъэшхуи
Тхьэу зэкIэмэ анахь Иным фэшъыпкъэ цIыф
лъэпкъым ратыщт.
Ащ ипачъыхьэгъу егъэшIэрэу щытыщт,
зэкIэ тетыгъо зиIэхэри Ащ фэлэжьэщтых,
фэIорышIэщтых“.

28 Мыщ гущыIэр щысэухы. Сэ, Даниел, сыгу къи-
хьагъэмэ сагъэщынагъ, сынэгуи кIыф хъугъэ, ау щыт-
ми мы зэкIэри зыми фэсымыIуатэу сыгу щысыухъу-
магъэх».

* 7:25 АрамэибзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «зы уахътэ, охъти-
тIу, охътэныкъу».

## Яенэрэ шъхьэр

### *Даниел тIымрэ ачъэмрэ нэфапIэу зэрилъэгъугъэхэр*

8 [1]«Бэлшэцар пачъыхьэм тетыгъор зиIыгъым иящэнэрэ
илъэс сэ, Даниел, апэ нэфапIэу слъэгъугъагъэм ыуж,
джыри зы слъэгъугъэ. [2]Мары къысфэлъэгъуагъэр: Елам
хэкум ит пытапIэу Шушан сыщыIэу нэфапIэм зыщы-
слъэгъужьыгъ. Улай псыIэрыщэм пэгъунэгъоу сыщытэу
къысщыхъугъ. [3]Сызэплъэм псыIэрыщэ Iупэм дэжь тIы
горэ щытэу слъэгъугъэ. Ащ бжъэкъуитIу тетыгъ. Бжъэ-
къуитIури лъэгагъ, ау зыр адрэм нахьи нахь лъэгэжьыгъ,
ыуж къыхэкIыгъэ нахь мышIэми. [4]ТыгъэкъохьапIэмкIэ,
темырымкIэ, къыблэмкIэ зигъазэзэ а тIыр зэрэпыджэрэр
слъэгъугъэ. Псэ зыпыт гори ащ пэуцужьын ылъэкIы-
щтыгъэп, зыгорэми ащ укъыIэкIихыжьын ылъэкIынэу
щытыгъэп. Ежь зыфаер ышIэщтыгъэ, ащ рыпагэщтыгъэ.
[5]Ащ сегупшысэу сыщытзэ слъэгъугъэ – мары ты-
гъэкъохьапIэмкIэ ачъэ къыщылъэгъуагъ. Ылъакъохэр
чIышъхьашъом нэмысэу, джарэу псынкIэу зэкIэ чIыгур
ащ зэпикIухьагъ. А ачъэм ынитIу азыфагу нэшъэгум
бжъэкъошхо дэдэ умыгъэшIэгъон умылъэкIынэу дэ-
тыгъ. [6]ПсыIэрыщэ Iупэм дэжь бжъэкъуитIу зытет тIэу
Iуслъэгъуагъэм ащ зыфигъэзагъ, губжышхом хэтэу те-
бэнагъ. [7]Сэ слъэгъугъэ, ар нахь лъэшэу губжызэ тIым
пэгъунэгъу зэрэхъугъэри, тIым еозэ, ыбжъэкъуитIу зэ-
рэтыриутыгъэри. ТIыр ащ къыпэлъэшыжьышъугъэп,
ачъэм ар чIыгум тыридзи, зэхищытIагъ. Зыгорэми тIыр
ащ къыIэкIихыжьын ылъэкIынэу щытыгъэп. [8]Ачъэр
ащ лъэшэу рыпэгагъ. Джащыгъум ыкIуачIэ зыхэхъом,



Даниел тIымрэ ачъэмрэ нэфапIэу зэрилъэгъугъэхэр *(8:3-7)*

бжъэкъо иныр зэпыутыгъ. Ащ ычIыпIэ бжъэкъуиплI
къыхэкIыгъ дунаим ылъэныкъуиплIмэ* афэгъэзагъэу.
9 А бжъакъохэм ащыщ горэм дэжь зы бжъакъо къы-
хэкIыгъ. Апэ ар цIыкIугъэ, етIанэ хахъуи къыблэм,
тыгъэкъокIыпIэм, Хэгъэгу дэхэ дэдэм** афэгъэзагъэу
зызэкIищыгъ. 10 Уашъом идзэхэми анэсэу ащ зиIэтыгъ.
А дзэхэми жъуагъохэми ащыщ чIыгум къыридзыхи,
зэхищытIагъэх. 11 Ачъэм зигъэиныгъ, Уашъом идзэмэ я
Пщы пэуцужьыным нэсэу ачъэр ипэгагъэ ыIэтыгъ. Ма-
фэ къэс Тхьэм фашIырэ къурмэныр харигъэнагъ. ЕтIанэ
Ащ Иунэ ыушIоигъ, имэхьанэ зэщигъэкъуагъ. 12 Мафэ
къэс ашIырэ къурмэныр хъэтэпэмыхь ышIыгъ, Уашъом
идзэхэм*** бжъакъор кIуачIэкIэ атекIуагъ. Тхьэм дэжь
къикIырэ шъыпкъэр ащ чIым хищытIыхьагъ. Бжъакъом
сыд ышIагъэми, зэкIэри къыдэхъугъ.
13 Ащ ыуж мэлэIичитIу**** ягущыIэ макъэ зэхэсхыгъ. ТIу-
мэ яз адрэм еупчIыгъ: „Сыд фэдизрэ ыкъудыиищта мафэ
къэс ашIырэ къурмэнэу хъэтэпэмыхь хъугъэм, Тхьэм Иунэ
ушIоигъэм, Уашъом идзэ зэхэкъутагъэхэм афэгъэхыгъэу
нэфапIэм къыщылъэгъуагъэм?“ 14 Адрэм къыриIожьыгъ:
„Пчыхьэ пчэдыжьэу минитIурэ шъищырэ, етIанэ Тхьэм
Иунэ агъэкъэбзэжьыщт, зэтырагъэуцожьыщт“».

---

* 8:8 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «ошъогу жьыбгъиплI».

** 8:9 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым гущыIэу «хэгъэгу» хэтэп. ШIэныгъэлэжьэу тхыгъэр къызэхэзыфхэрэм янахьыбэм ар Израил хэгъэгур арэу алъытэ.

*** 8:12 Мы чIыпIэм «израил лъэпкъ» мэхьанэр щыриIэн ылъэкIыщт.

**** 8:13 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «псэушъхьэ лъапI».

## *ДжэбраIил мэлэIичым нэфапIэр къызэрэзэхифыгъэр*

[15] «Сэ, Даниел, а нэфапIэу слъэгъугъэр къызгуры-
Iоным сыпылъызэ, мары зыгорэ цIыф теплъэ иIэу са-
пашъхьэ къиуцуагъ. [16] Улай псыIэрыщэ кIыIум къы-
теIукIэу цIыф макъэ зэхэсхыгъ. Ар къаджи, къыIуагъ:
„ДжэбраIил*! НэфапIэу ылъэгъугъэм къикIырэр ащ
гурыгъаIу!“ [17] Сыздэщыт чIыпIэм ДжэбраIил къызыIо-
хьэм, сыгучIэ изи, сынэгу егъэзыхыгъэу чIыгум зычIэ-
сыдзыгъ. „О цIыфыр**, – къысиIуагъ ащ, – мы нэфапIэу
плъэгъугъэр уахътэм икIэухым зэрэфэгъэхьыгъэр зы-
гурыгъаIу!“
[18] Ар къеIофэ, сынэгу егъэзыхыгъэу сиакъыл сиеу,
сIэпкъ-лъэпкъмэ сафимытэу чIыгум сытелъыгъ. А гу-
щыIэхэм ауж къыстеIаби, ащ слъэкъуитIу сакъыты-
ригъэуцожьыгъ. [19] ЕтIанэ игущыIэ къыпидзэжьыгъ:
„Мары – уахътэм икIэухым Тхьэм игубж къызынафэ-
рэм ыуж къэхъущтыр. НэфапIэр зыфэгъэхьыгъэр охътэ
гъэнэфагъэм икIэух ары. [20] БжъэкъуитIу зытет тIэу плъэ-
гъугъэр – Мадай Пэрсие пачъыхьэхэр арых. [21] Ачъэ пы-
рацэр – урым пачъыхьэгъур ары. Бжъэкъошхоу ынитIу
азыфагу нэшъэгум дэтыр – Урымым иапэрэ пачъыхь.
[22] Бжъэкъо инэу зэпыутыгъэм ычIыпIэ бжъэкъуиплIэу
къыхэкIыгъэхэр – мы цIыф лъэпкъым пачъыхьэгъуиплI
къызэрэхэкIыщтыр ары. Ау ахэр апэрэм фэдэу кIочIэ-
шхощтхэп.

* 8:16 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэлэIичым ыцIэ «Тхьэм ицIыф» къекIы.

** 8:17 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «цIыфым ыкъу».

[23] А пачъыхьэгъуэм ятетыгъэ икIэухым, янэпэн-
чъагъэ джащ нахь хэмыфэжьынэу зызиушъомбгъукIэ,
нэхъоинчъэ нэплъэгъоу, къумалыгъэм фэIазэу пачъы-
хьэ къэтэджыщт. [24] Ар кIочIэшхощт, ау ежь лъэкI иIэкIэ
арэп. ЗэкIэри хъуафэ ышIыщт, зыфежьэрэ Iоф пстэури
къыдэхъущт, лъэрыхьэхэри Тхьэм фэшъыпкъэ цIыфхэри
лъэпсэкIодэу ыгъэкIодыщтых. [25] Хьилэшъ, икъумалы-
гъэкIэ апшъэ кIощт – ащкIэ зышIошIыжьыщт, ыгукIэ
зэкIэмэ анахь инэуи зыщыхъужьыщт. АмышIахэу атеозэ
бэхэр зэхикъутэщтых, пачъыхьэмэ я Пачъыхьэжьи пэ-
уцужьыни, цIыфыIэ къыхэмыхьэу ежь кIодыщт.
[26] Пчыхьэ пчэдыжьмэ яхьылIэгъэ нэфапIэу плъэгъу-
гъэр шъыпкъэ. Ар охътэ Iудзыгъэмэ афэгъэхьыгъэшъ,
ушъэфы“. [27] Сэ, Даниел, къинэу слъэгъугъэм къыхэкIэу
кIочIаджэ сыкъэхъуи, мэфэ заулэ сымаджэу сыщы-
лъыгъ. Нэужым сыкъэтэджыжьи, пачъыхьэм сызфи-
гъэзэгъэ Iофхэм ягъэцэкIэн сыублэжьыгъ. СыгучIэ
изыхыгъэ нэфапIэу слъэгъугъэм къикIырэр къызгуры-
Iощтыгъэп».

**Ябгъонэрэ шъхьэр**

***Даниел илъэпкъ Тхьэм зэрэфелъэIугъэр***

**9** [1] Мадай лъэпкъым щыщ Ахъашурэщ* ыкъоу Дарый
Бабилэн хэгъэгум ипачъыхьэу щытыгъ. [2] Дарый па-
чъыхьэгъум зытехьагъэм иапэрэ илъэс, сэ, Даниел,
тхыгъэхэм сяджэзэ, Зиусхьаным пегъымбарэу Ирмые

* 9:1 Пэрс цIэу Ксеркс джуртыбзэкIэ джары къызэраIорэр.

къызэрэриIуагъэм тетэу Ерусэлэм зэхэкъутагъэу илъэс
тIокIищырэ пшIырэ зэрэщытыщтыр къызгурыIуагъ.
3 Джащыгъум сынэгу Зиусхьанэу Тхьэм фэзгъэ-
загъ. Дзыуапхъэм хэшIыкIыгъэ шъыгъо щыгъыныр
сщыгъэу, синэкIэу, яжьэр сшъхьэ къестэкъохызэ тхьэ-
лъэIу сшIи, зыфэзгъэцIыкIузэ лъэшэу Ащ селъэIугъ.
4 Зиусхьанэу си Тхьэм селъэIугъ, типсэкIодшIагъэхэм
ашъхьэ къисхи тобэ сшIызэ: «Зиусхьанэу си Тхь, О
Тхьэшхоу, зэкIэри зышIолIыкIэу шъхьэкIэфэшхо зы-
фашIырэр! О зэзэгъыныгъэу къыддэпшIыгъэр оухъу-
мэ, шIулъэгъу мыкIодыжь къыпфызиIэу, уиунашъохэр
зыгъэцакIэрэм гукIэгъу фэошIы! 5 Тэ псэкIодхэр тшIа-
гъэх, емыкIоу тызекIуагъ. БзэджэшIэным тыфэкъаи-
гъагъ, тыкъыппэуцужьыгъ, Уиунашъохэри, Уихьыку-
ми хъэтэпэмыхь тшIыгъэх. 6 Пфэлэжьэрэ пегъымбарэу,
О ПцIэкIэ типачъыхьэхэм, типащэхэм, тятэжъхэм, зэ-
кIэ хэгъэгум ис цIыф лъэпкъхэм къыддэгущыIэхэрэм
тядэIущтыгъэп.
7 О, си Зиусхьан, шъыпкъэр уалъэныкъо къэгъэзагъ,
тэ хьайнэпагъэр къытэхъухыгъ. Тэ — Ехъуд хэкум ис
цIыфхэри, Ерусэлэм дэсхэри, Израил зэрэпсаоу ицIыф-
хэри, хэгъэгу благъэхэмрэ чыжьэхэмрэ ащыпсэунхэу
арыптэкъухьагъэхэри шъыпкъагъэ къызэрэпфытимыIа-
гъэм пае непэрэ мэфэм нэсыжьэуи тынэпэтехых. 8 О Зи-
усхьан, тэри, типачъыхьэхэри, типащэхэри, тятэжъхэри,
уапашъхьэ псэкIод зэрэщытшIагъэм пае хьайнэпагъэр
къытэхъухыгъ. 9 О Зиусхьанэу ти Тхь, гукIэгъу пхэ-
лъышъ, тэ тыкъыппэуцужьыгъэми къытфэбгъэгъуныр
уиамал. 10 О Зиусхьанэу ти Тхь, уиIумэт пегъымбарэхэм
къытаIорэм тедэIугъэп, уиIэмыркIэ къытатыгъэ хабзэ-
хэр дгъэцэкIагъэхэп. 11 О къапIорэм едэIуным фэмыеу,

зэрэ Израилэу уихабзэ ыукъуагъ, уигъогуи текIыгъ.
ТипсэкIодшIагъэхэм апае Тхьэм иIумэт Мосэ Хабзэу
ытхыгъэм къыщиIорэ бгыбзэхэмрэ тхьэлъанэхэмрэ
тэ къыттефагъэх. 12 ТхьамыкIэгъошхом тыхабдзээ тэ-
ри типащэхэми афэгъэхьыгъэу къэIогъэ гущыIэхэр О
къэбгъэшъыпкъэжьыгъэх. Ерусэлэм къехъулIагъэм фэдэ
ошъо чIэгъым ныбжьи къыщыхъугъэп. 13 Мосэ и Хабзэ
зэритым фэдэу, а тхьамыкIагъор тэ къытфэкIуагъ. Ауми
Зиусхьанэу ти Тхьэм зыфэдгъэцIыкIузэ лъэшэу телъэ-
Iугъэп, бзэджэшIэныр зэпыдгъэугъэп, ынэшIу къыт-
щифэным тыщыгугъырэп. 14 Джащыгъум Зиусхьаным
къытфигъэхьазырыгъэ тхьамыкIагъор къытфигъэкIуагъ.
Зиусхьанэу Тхьэм ышIэрэ пстэуми шъыпкъагъэ ахэлъба,
ауми тэ Ащ тедэIугъэп.

15 Зиусхьанэу ти Тхь, Оры Мысырым кIочIэшхокIэ
УицIыф лъэпкъ къыизыщыжьыгъэр, Зищытхъу къэзгъэ-
лъэгъуагъэр, непи О ПцIэ ищытхъу аIо! ПсэкIод тшIагъэ,
бзэджагъэкIэ тызекIуагъ. 16 О Зиусхьан! Шъыпкъэр О
уалъэныкъокIэ къэгъэзагъэшъ, О уигубжи – уигубжы-
шхуи Уикъалэу Ерусэлэми, УиIошъхьэ лъапIи* ашъхьа-
щых. Тэ типсэкIодшIагъэхэмрэ тятэжъхэм ябзэджэ-
шIагъэхэмрэ къахэкIэу Ерусэлэми УицIыф лъэпкъи
къегъэтIысэкIыгъэ лъэпкъхэм яхъэтэпэмыхь.

17 Джы къызэхэхыба ти Тхь, уиIумэт итхьэлъэIу, илъэIу.
Уиунэшхоу хэкужъ хъугъэм О уихьатыркIэ**, Зиусхьан, нэ-
шIукIэ зыкъыфэгъаз. 18 Мыдэ къэдаIуи, ти Тхь, къызэхэх.

---

* 9:16 УиIошъхьэ лъапIэ: ар къушъхьэу Цион фэгъэхьыгъ, Iуашъхьэу Ерусэлэм Тхьэм и Унэ зыщагъэуцугъэр ары.

** 9:17 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «Зиусхьаным ихьатыркIэ».

Уинэплъэгъу мыкIэ къэгъази, хэкужъ тызэрэхъугъэм, О
ПцIэ зыхьырэ къалэу зэхэкъутагъэм къяплъ. Тэ шъып-
къагъэу тхэлъым тыщыгугъкIэ тыолъэIурэп, О гукIэгъоу
пхэлъым тыщэгугъы нахь. О гукIэгъушхоу Пхэлъыр
тигугъапIэу тыолъэIу. [19] О Зиусхьан, тыкъызэхэх! Зиус-
хьан, къытфэгъэгъу! Зиусхьан, къытэдэIуи, къытфашI! О
уихьатыркIэ кIыхьэ-лыхьэ земыгъэшI, си Тхь, Уикъали
УицIыф лъэпкъи О ПцIэкIэ яджэхэшъ».

### *ДжэбраIил мэлэIичым къэхъущтыр къызэрэфызэхифыгъэр*

[20] СитхьэлъэIу лъызгъэкIуатэзэ, сипсэкIодшIагъэхэми,
силъэпкъэу Израил ипсэкIодшIагъэхэми Зиусхьанэу си
Тхьэм ыпашъхьэ сыщяуцолIэжьзэ, си Тхьэ Ежь иIошъхьэ
лъапIэ пае селъэIугъ. [21] Джауштэу Тхьэм селъэIузэ, ащ
ыпэрэ нэфапIэм цIыф теплъэ зиIэ ДжэбраIилэу щыс-
лъэгъугъагъэр къысфэсыгъ, пчыхьэ къурмэн шIыгъом
тефэу псынкIэу* садэжь къэбыбыгъ. [22] КъызгуригъаIозэ,
ащ къысиIуагъ: «Даниел! АкъылышIуагъэрэ зэхэшIы-
кIыныгъэрэ остынэу сэ сыкъехыгъ. [23] Тхьэм уелъэIунэу
зэребгъэжьагъэм лъыпытэу джэуап къыуитыгъ. Сэри ар
къыплъызгъэIэсынэу сыкъэкIуагъ. Тхьэм о уегъэлъапIэшъ
гущыIэм къедэIуи, нэфапIэм къикIырэри зэхэшIыкI.

[24] Илъэс тIокIищырэ пшIырэр**
блыкIэ штагъэу

* 9:21 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым «пшъыным зэIуихьагъэу» зыфиIорэ мэхьанэр щыриIэн ылъэкIыщт.

** 9:24 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым хэт пчъагъэу блым нахьыбэрэмкIэ къикIырэр зы тхьэмаф. Ащ блырыблэу лъытагъэ гори, илъэсибли мыщ дэжьми къикIын ылъэкIыщт.

о уилъэпкърэ къэлэ лъапӀэмрэ афэухэсыгъ.
БзэджэшӀагъэм, псэкӀодшӀэным гъунэ
афашӀынышъ,
хэбзэнчъагъэр апщыныжьынышъ
егъэшӀэрэ зэфагъэр агъэуцуным
пегъымбарым нэфапӀэу ылъэгъугъэр
къэшъыпкъэжьыным,
Тхьэм и Унэ* агъэуцужьыным
плъэгъугъэ нэфапӀэр фэгъэхьыгъ.
25 Арышъ зэгъашӀи зыгурыгъаӀу:
Ерусэлэм зэрагъэуцужьыщтым
фэгъэхьыгъэ унашъор къызыдэкӀырэм
щегъэжьагъэу,
Тхьэм къыхихыгъэ** Пащэр къэкӀофэ
илъэсибл*** блыкӀэ штагъэу,
ащ ыуж илъэс**** тӀокӀищырэ тӀурэ илъэс
блырыблэу тешӀэщт.
ЕтӀанэ цӀыфхэм къагъэзэжьыщт,
къалэр агъэуцужьыщт,
урамхэри дэпкъхэри иӀэхэу, а лъэхъаныр
къинырщт.
26 Илъэс тӀокӀищырэ тӀурэр

---

* 9:24 Ижъырэ джуртыбзэкӀэ тхыгъэ Ӏэпэрытхым мы чӀыпӀэм зэрэщыхэтыр: «лъапӀэмэ анахь лъэпӀэжь».

** 9:25 Тхьэм къыхихыгъэ – мы къэӀуакӀэм пае джуртыбзэм гущыӀэу «Мэшыяхъ» щагъэфедэ. ГущыӀэм къикӀырэр: дагъэр зыщафагъэр. Мэхьанэ шъыпкъэу иӀэр: Тхьэм къахихыгъэр, «Тхьэихэх».

*** 9:25 Ижъырэ джуртыбзэкӀэ тхыгъэ Ӏэпэрытхым хэт пчъагъэу блым тхьэмэфибл къикӀын ылъэкӀыщт. Мыщ фэд 9:27.

**** 9:25 Е тхьэмэфэ тӀокӀищырэ тӀурэ.

блыкIэ штагъэу зытекIырэм ыуж
Тхьэм къыхихыгъэ Пащэр аукIыщт
лажьи – хьакъи имыIэу*.
ЕтIанэ къэкIощт пащэм ицIыфхэм
къалэмрэ Тхьэм и Унэрэ зэхакъутэщтых.
Хыдзэ-псыдзэшхом фэдэщт ащ икIэух.
Заор аухыфэ
зэраухэсыгъэу хэкужъ хъущт.
27 Ащ илъэсиблым телъытэгъэ зэзэгъыныгъэ пытэ
цIыф лъэпкъыбэмэ адишIыщт.
А илъэсиблым ыгузэгухэм адэжь
къурмэншIыныри, тынхэри щагъэтыжьыщтых.
Ащ фэдизыр хъуафэ зышIыгъэм фагъэнэфэгъэ кIэухыр къысыфэ
Тхьэм и Унэ зыдэщыт чIыпIэм
гущыкIыгъо емыкIушхо теплъэ иIэщт».

* 9:26 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым мэхьанэр щынафэп, «зыпари ащ къыфэнэщтэп» зыфиIорэ мэхьанэр иIэн ылъэкIыщт, ау «зыпари» ыIомэ къыригъэкIырэр зэхэфыгъуай.

# Даниел аужырэ нэфапIэу псыхъоу Тигр дэжь щилъэгъугъэр (я 10:1-рэ – я 12:13-рэ шъхьэхэр)

### ЯпшIэнэрэ шъхьэр

***Чэтэным хэшIыкIыгъэ щыгъын зыщыгъ горэм фэгъэхьыгъэ нэфапIэр***

10 [1] Пэрсие пачъыхьэу Корэщ тетыгъор зиIыгъым
иящэнэрэ илъэс Даниелэу БэлтэшэцаркIэ за-
джэщтыгъэхэм зыгорэ шъхьэихыгъэ къыфэхъугъ. А
шъхьэихыгъэ къыфэхъугъэр къэбар шъыпкъагъ, зэо-
шхом фэгъэхьыгъэу щытыгъ. НэфапIэкIэ шъхьэихы-
гъэ къыфэхъугъэр ащ къыгурыIуагъ, къикIырэри зэхи-
шIыкIыгъ.
[2] Ащыгъум сэ, Даниел, тхьамэфищым* шъыгъом
сыхэтыгъ. [3] Шхын хэхыгъэ сшхыгъэп, лырэ санэрэ сIу-
пэ нэзгъэсыгъэп. Тхьамэфищыр екIыфи дагъэ зыщы-
сфагъэп.
[4] Апэрэ мазэм** иятIокIэнэрэ плIырэ мафэ Тигр псы-
хъошхом инэпкъы сытетыгъ. [5] Сызэплъэм слъэгъугъэ:

---

* 10:2 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым хэт пчъагъэр мэфи-
блыр щыкIэ штагъэу.

** 10:4 Ижъырэ джурт мэфэ лъытакIэмкIэ апэрэ мазэр Нисан. Ар джырэ
лъытакIэу тиIэмкIэ зытефэрэр гъэтхэпэ мазэм ыгузэгу щегъэжьагъэу
мэлылъфэгъу мазэм ыгузэгу нэс.



Даниел псыхъоу Тигр дэжь нэфапӀэу щилъэгъугъэр *(10:4-6)*

мары зы хъулъфыгъэ горэ чэтэным хэшIыкIыгъэ щы-
гъын щыгъэу, дышъэ къабзэм* хэшIыкIыгъэ бгырыпхи
ыбгы къещэкIыгъэу щыт. 6 Ыпкъышъол – налмэс-нал-
къутэу, ынэгу – пчыкIэ нэфэу, ынэхэм пхъэкъомашIор
къакIэустхъукIэу, ылъакъохэмрэ ыIэхэмрэ – джэрз лъэ-
кIыгъакIэу жъыухэу, игущыIэ макъэ – цIыф жъот мэ-
къэшхом ар фэдагъ. 7 Сэ, Даниел, закъор ары а нэфапIэр
зылъэгъугъэр, сигъусэгъэ цIыфхэм ар алъэгъугъэп. Ау
щытми щынэгъошхом зэлъиубытыхи, зэбгырыхъушъу-
тыхи, загъэбылъыжьыгъ. 8 Сэ сизакъоу сыкъэнагъэу,
а нэфапIэу мэхьанэшхо зиIэм сеплъызэ кIуачIэ гори
схэмылъыжьэу, сынэгуи лъы гъуаткIо кIэмытыжьэу
кIыфыбзэу, къарыунчъэ сыхъугъ. 9 ЕтIанэ ащ ымакъэ
зэхэсхыгъ – ащ ымакъэ зэрэзэхэсхэу сынэгу егъэзыхы-
гъэу, сиакъыл сиеу, сIэпкъ-лъэпкъмэ сафимытэу чIыгум
сытефагъ.

10 Ау мары Iэ горэ къысатхъуи, сыкъыIэти, сызэ-
рэкIэзэз-кIэзэзэу сIэхэр чIыгум егъэкъугъэу лъэгон-
джэмышъхьэкIэ сыкъыгъэуцугъ. 11 Ащ къысиIуагъ:
«О, Даниелэу Тхьэм ыгъэлъэпIагъ! КъыосIощтыр угу
иубыт, сэ джы уадэжь сыкъагъэкIуагъэшъ плъакъо
къытеуцожь». Джаущтэу ащ къызысеIом, сыкIэзэззэ
слъэкъуитIу сакъытеуцожьыгъ. 12 Ау сэ ащ къысиIуагъ:
«Умыщын, Даниел! Апэрэ мафэу зэхэшIыкI зэбгъэгъо-
тыным узыпыхьагъэм, Тхьэм ыпашъхьэ зыщыбгъэцIы-
кIунэу зебгъэжьагъэм щегъэжьагъэу Ащ уигущыIэхэр
зэхихыгъэхэти, сэ ахэм япэгъокIэу сыкъигъэкIуагъ. 13 Ау
Пэрсие пачъыхьэгъум ипщ-мэлэIич мэфэ тIокIырэ зырэ

* 10:5 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «Упаз дышъ».

къыспэуцужьыгъ. ЕтIанэ Пэрсием ипачъыхьэхэм сапэ-
уцужьызэ, сизакъоу сыкъэнагъэти апшъэрэ пщы-мэ-
лэIичхэм ащыщэу Микъаел* IэпыIэгъу къысфэхъунэу
къэкIуагъ. [14] Сэ сыкъэкIуагъ уилъэпкъ иаужыпкъэрэ
лъэхъанэ къырыкIощтыр къыбгурызгъэIонэу, къэхъущ-
тыр арыти нэфапIэу плъэгъугъэр зыфэгъэхьыгъэр».
[15] Джаущтэу сэ ащ къысиIо зэхъум, чIыгум сеплъыхэу,
бзэмыIоу сыщытыгъ. [16] Мары зыгорэ цIыф теплъэ иIэу
сIупэ къынэси сыбзэгу къытIэтIэжьыгъ, сыкъэгущыIи
сапашъхьэ итым есIуагъ: «Сизиусхьан! Мы нэфапIэм
узым сызэлъыригъэубытыгъ, кIуачIэми сыкъыригъэб-
гынагъ. [17] Сэ, зиусхьан, сыуиIумэтэу, сыдэущтэу О, сизи-
усхьаным, гущыIэгъу сыпфэхъун слъэкIына! Сэ кIуачIи
схэлъыжьэп, сижьи пиубытыкIыгъ».

[18] Джащыгъум а цIыф теплъэ зиIэр икIэрыкIэу
къыстеIаби, кIуачIэ къысхилъхьажьыгъ. [19] Ащ къы-
Iуагъ: «Тхьэм ыгъэлъэпIэгъэ цIыф, умыщын! Мамыр
огъот, зыгъэлъэш, зыгъэгушху!» Ар къыздэгущыIэ зэ-
хъум, сэ кIуачIэ згъотыжьи есIуагъ: «КъэгущыI, си-
зиусхьан! Сэ о кIуачIэ сэбгъэгъотыжьыгъ». [20] Джа-
щыгъум ащ къыIуагъ: «Уадэжь сыкъызкIэкIуагъэр о
ошIа? Пэрсие пачъыхьэгъум ипщ-мэлэIичым сезэонэу
джы сэ сыкIожьыщт. Ащ сызытекIорэм ыуж Урымым
ипщэу мэлэIич къэкIощт. [21] Арэу щытми шъыпкъагъэр
зэрыт тхыгъэм итыр къыосIощт. Шъо шъуи пщы-мэ-
лэIичэу Микъаел нэмыкI ащкIэ гъусэгъу къысфэхъун
зыпари щыIэп.

* 10:13 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мэлэIичым ыцIэ «Тхьэм фэдэр хэт» къекIы.

### ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр

11 [1]Джаущтэу сэ сшъхьэкIэ, Мадай пачъыхьэу Дарый
итетыгъо иапэрэ илъэс а Микъаелым кIэгъэкъо-
нэуи, IэпыIэгъоуи сыриIагъ.

### *Къыблэмрэ Темырымрэ япачъыхьэхэр*

[2]Джы сэ о шъыпкъэр къыосIощт: мары, джыри па-
чъыхьищ Пэрсием къитэджэщт. ЕтIанэ яплIэнэрэу зы-
къэзыIэтыщтыр – ар зэкIэмэ анахь баищт. МылъкумкIэ
ылъапсэ ыгъэпытэнышъ, Урым пачъыхьэгъум ригъэпы-
инхэу зэкIэри къыIэтыщт.
[3]Ащ нэужым пачъыхьэ лъэш дэдэ къыкъокIыщт. Ащ
чIыгубэ дэдэ зыIэкIилъхьащт, зыфаер ышIэщт, ежь зэрэ-
шIоигъоу зекIощт. [4]Ащ икъарыу джыри зэрэхахъозэ, ипа-
чъыхьэгъушхо зэхэтэкъущт. ДунаимылъэныкъуиплIымкIэ*
гощыгъэ хъущт. Ыуж къикIыщт лIэужмэ а пачъыхьэгъур
аIукIэжьыщтэп, ежь зэпсаум зыфэдагъэм фэдэжьыщтэп.
Ащ ипачъыхьэгъу IэкIахынышъ, нэмыкIхэм аIэкIалъхьащт.
[5]Къыблэ пачъыхьэр** лъэш дэдэщт, ау идзэпщымэ
ащыщ горэ ежь нахьи нахь лъэш хъуни, тетыгъор ыубы-
тыщт, ипачъыхьэгъуи кIочIэшхокIэ ыIыгъыщт. [6]Илъэс
заулэ зытешIэкIэ, ахэм зэзэгъыныгъэ зэдашIыщт. А зэ-
зэгъыныгъэр гъэпытэгъэным пае, Къыблэ пачъыхьэм
ыпхъу Темыр пачъыхьэм*** ритыщт. Ау тетыгъом фищэн

* 11:4 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «ошъо-
гу жьыбгъиплI».

** 11:5 Къыблэ пачъыхьэкIэ алъытэрэр Мысыр пачъыхьэр ары.

*** 11:6 Темыр пачъыхьэкIэ алъытэрэр Сирие пачъыхьэр ары.

ылъэкIыщтэп, илIэужи лъыкIотэщтэп. А бзылъфыгъэри,
кIыгъугъэхэри, илъфыгъи*, дэIэпыIэщтыгъэхэри къума-
лыгъэкIэ агъэкIодыщтых. 7 Ау а бзылъфыгъэм иIахьылмэ
ащыщ горэ Къыблэ пачъыхьэм итахътэ тетIысхьащт. Ар
Темыр пачъыхьэм идзэ езэони, ипытапIэ дэхьащт, атео-
ни атекIощт. 8 Ятхьэ нэпцIхэм ясаугъэт гъэчъыгъэхэр,
дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэ хьакъу-шыкъу
лъапIэхэр ашIуиштэни, Мысырым къонтхъэу ыщэщтых.
Илъэс заулэ Темыр пачъыхьэм емызаоу, мамырэу щи-
гъэIэщт. 9 Ащ ыуж Темыр пачъыхьэр Къыблэ пачъыхьэм
ичIыгу ихьащт, ау ихэгъэгу къыгъэзэжьыщт. 10 Темыр
пачъыхьэм ыкъомэ заом зыфагъэхьазырэу, дзэшхо ау-
гъоеу аублэщт. Дзэшхор хыдзэ-псыдзэшхоу ежьэнышъ
зэкIэ зэлъиубытыщт, ыпэ ригъэхъуни пыим ипытапIэ
нэсыщт.

11 Джащыгъум Къыблэ пачъыхьэр лъэш дэдэу къэгуб-
жыщт, Темыр пачъыхьэм езэонэу ригъэжьэщт. Адрэм
дзэшхо къыгъэуцущт, ау а дзэр пыим ыIэ ихьащт. 12 Дзэр
зызэкIакIокIэ Къыблэ пачъыхьэм ыгу пэгагъэм зэлъиу-
бытыщт. ДзэкIолI минипшI пчъагъэ ащ ыгъэкIодыщт,
ау текIоныгъэ къыфыдэхыщтэп. 13 Темыр пачъыхьэм нэ-
мыкIыдзэ къыугъоищт, ыпэрэм нахьи ар нахь иныщт.
Илъэс заулэ зытешIэкIэ дэгъоу узэндыгъэ дзэшхо игъусэу
къыгъэзэжьыщт.

14 А лъэхъаным Къыблэ пачъыхьэм бэхэр пэуцужьы-
щтых. О уицIыф лъэпкъ щыщэу жъалымыхэм нэфапIэр
шъыпкъэ хъуным пае зыкъаIэтыщт, ау яIоф къадэхъу-
щтэп. 15 Джащыгъум Темыр пачъыхьэр къэкIощт, къэлэ

* 11:6 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэм мэхьанэу щыриIэн ылъэкIыщт: «ятэ».

дэпкъым рыдэкIоенхэу чIысае зэтыритэкъони, къэлэ
зэтегъэпытыхьагъэр ыштэщт. Къыблэр кIуачIэкIи пы-
щытышъущтэп, идзэ хэшыпыкIыгъэкIи пэуцушъущтэп.
16 Ар ежь зэрэфаем фэдэу зекIощт, зыпари ащ къыпэ-
уцужьын ылъэкIыщтэп. Хэгъэгу шIагъом* ащ тетыгъор
щиубытыщт, хъуафэ ышIынэу амал иIэщт.

17 Зэрэпачъыхьэгъоу ыубытынэу Темыр пачъыхьэм ри-
хъухьащт, зэзэгъыныгъэ дишIыщт. Ипый ипачъыхьэгъу
ыгъэкIодыным пае ыпхъу ритыщт, ау игухэлъ, ежь зыфа-
ер къыдэхъущтэп. 18 Джащыгъум хы Iушъом Iус хэкухэм
якIущт, атеони ащыщыбэ ыIэ къыригъэхьащт. Ау дзэпщ
горэм ащ ипхъэшагъэ гъунэ фишIыщт. Ары пакIопышъ,
ащ ипхъэшагъэ къызфигъэфедэни фыригъэгъэзэжьыщт.
19 ЕтIанэ ихэгъэгу пытапIэу итмэ къафигъэзэжьыщт, ау
тефэнышъ, лъэужынчъэу кIодыщт. 20 Ащ ычIыпIэ иуцощт
пачъыхьэм хьакъулахьхэр къэзыугъойрэ цIыфыр ипа-
чъыхьэгъу имылъку** хигъэхъоным пае ыIофтэщт. Ау
охътабэ темышIэу зауи-пыджи ахэмыкIуадэу ар фэхыщт.

## *Темыр пачъыхьэ бзаджэр*

21 Ащ ычIыпIэ пачъыхьэ тахътэр зыфыхамыхыгъэ къы-
рамыдзэрэ цIыф иуцощт. Ар амышIахэзэ къэтэджыщт,
тхьагъэпцIыгъэкIэ пачъыхьэгъур ашIуиубытыщт. 22 Ащ
ыпашъхьэ пыидзэу итыщтымрэ зэзэгъыныгъэм*** ипащэрэ

* 11:16 Мы гущыIэхэр Израил ары зыфэгъэхьыгъэр.

** 11:20 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щынафэп. Пачъыхьэгъум ищытхъу ешъхьащыкIонэу – мыщ фэдэ мэхьанэ иIэнкIи мэхъу.

*** 11:22 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр Тхьэмрэ израил лъэпкъымрэ зэдашIыгъэ зэзэгъыныгъэр ары.

хыдзэ-псыдзэшхом дэкIодыщтых. [23] Зэзэгъыныгъэ ди-
шIынышъ къэрарынчъэу зекIощт, цIыф макIэ ыIэ илъ
нахь мышIэми тетыгъом къыфэкIощт. [24] АмышIахэу
гъэбэжъулъэ хэкухэм арыхьанышъ, ежь ятэхэми, ятэмэ
ятэжъхэми амышIагъэр ышIэщт: къонтхъымрэ, къаты-
рихыгъэ IапIэмрэ мылъкумрэ икъотэгъухэм афигощыщт.
ПытапIэхэр зэрикъутэщтым фэгъэхьыгъэ гухэлъхэр охътэ
гъэнэфагъэм нэс рихъухьащтых.

[25] ЕтIанэ идзэрэ ежь ипхъэшагъэрэ Къыблэ пачъы-
хьэм пигъэуцущт, езэонэу дзэшхо игъусэу екIущт. Къы-
блэ пачъыхьэм идзэ нахь инэу, нахь кIочIэшхоу заом
къыдэкIыщт, ау тхьагъэпцIыгъэ зэрэфызэкъуадзагъэм
къыхэкIэу пыщытышъущтэп. [26] Аужыпкъэм пачъыхьэм
иIанэ телъ гъомлэпхъэшIухэр зышхыхэрэми ар агъэкIо-
дынэу пылъыщтых. Хыдзэ-псыдзэшхом дзэр тырихы-
нышъ, дзэкIолIыби заом щыфэхыщт. [27] ПачъыхьитIум
агу хьилагъэ зэфилъыщт, зы Iанэм зэдыпэсхэми пцIы
зэфаусыщт. Ау кIэухым иуахътэ къэмысэу япцIыусыгъэ
зыпари къикIыщтэп. Сыда пIомэ кIэухыр къызысыщтым
иуахътэ гъэнэфагъэшъ ары. [28] Мылъкушхо IэкIэлъэу
Темыр пачъыхьэр ихэгъэгу кIожьыщт, ау зэзэгъыны-
гъэ лъапIэм джэгъогъу ыгу филъыщт. Ащ пэшIуекIоу
зекIощт, етIанэ ихэгъэгу ыгъэзэжьыщт.

[29] Охътэ гъэнэфагъэм ар джыри къыблэм екIущт. Ау
мызэгъогурэ кIэухыр нахьыпэрэм фэдэщтэп. [30] Ащ игъо-
гупэ къохьэпIэ хыIушъомкIэ къухьэхэм* къыпабзыкIыщт.
Темыр пачъыхьэр ащ ыгъэщынэни зэкIэкIожьыщт.

* 11:30 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр «къыт цIыфмэ якъухьэхэр». НахьыбэмкIэ «къыт» гущыIэр «рим цIыфхэм» афэгъэхьыгъэу агъэфедэ.

Игубжышхо зэзэгъыныгъэ лъапIэм тырикъутэщт. Къы-
зигъэзэжькIэ зэзэгъыныгъэ лъапIэм дэхыгъэмэ къотэ-
гъу афэхъущт. 31 ДзэлIэу ыгъэкIуагъэхэм Тхьэм и Унэ
ипытапIэ аштэщт, аушIоищт. Мафэ къэс ашIырэ къур-
мэныр щаригъэгъэтыжьыщт, гущыкIыгъо-емыкIушхо
теплъэр а чIыпIэм щагъэуцущт. 32 Зэзэгъыныгъэ лъапIэр
зыукъуагъэхэр щытхъу нэпцIыкIэ дихьыхыщтых. Ау зи
Тхьэ фэшъыпкъэ цIыфхэр зэкIакIо ямыIэу пэуцущтых.
33 Лъэпкъым щыщ акъылышIохэм бэхэр агъэдэIонышъ,
етIанэ охътэ заулэм чатэкIэ аукIыщтых, агъэстыщтых,
гъэрыпIэм ифэщтых, ахъункIэщтых. 34 АукIыхэрэм якъин-
ихьагъу уахътэм IэпыIэгъу тIэкIу дэд агъотыщтыр. Агу
имылъэу бэмэ гъусэ къафэхъугъэ фэдэу зыкъагъэлъэ-
гъощт. 35 АкъылышIу зиIэхэм ащыщхэр къырафэкIы-
щтых – кIэух гъэнэфагъэм иуахътэ къэсыгъэпышъ нахь
къабзэ, нахь фыжь хъухэзэ ахэм ушэтыпIэхэр зэранэ-
кIыщтых.

36 Темыр пачъыхьэм зигъэиныщт, сыд тхьэ нахьи
нахь зигъэлъэгэщт. ГущыIэ гущыкIыгъохэр тхьэхэм я
Тхьэжьым риIолIэщтых. Ащ зыфаер зэкIэ къыдэхъущт
Тхьэм игубж мафэ текIыфэ: агъэнэфагъэр арыба хъу-
щтыр! 37 Ятэжъмэ агъэлъэпIэгъэ тхьэхэми, бзылъфыгъэ-
мэ шIу алъэгъурэ тхьэми, сыд фэдэ тхьи зафигъэзэщтэп.
ЗэкIэмэ анахь инэуи зыкъыщыхъужьыщт. 38 Ахэм ачIы-
пIэ пытапIэхэм ятхьэ ыгъэлъэпIэщт. Ятэжъхэм амы-
шIэщтыгъэ тхьэр дышъэрэ тыжьынрэкIэ, мыжъо лъа-
пIэрэ осэшхо зиIэ нэмыкI тынхэмрэкIэ ыгъэлъэпIэщт.
39 Хымэ тхьэр иIэпыIэгъоу ар пытапIэхэм атеощт. Ежь
пачъыхьэу зыштагъэхэм лъытэныгъэшхо афишIыщт,
цIыфхэм ашъхьагъ ригъэуцощтых, шIу тынэу чIыгуи
афигощыщт.

[40] КIэух уахътэм Къыблэ пачъыхьэр ащ заокIэ екIущт.
Ау Темыр пачъыхьэр ку псынкIэхэр, шыухэр, къухьабэ
кIыгъухэу ащ жьыфыртынэшхоу теощт. Хэгъэгубэмэ ары-
хьанышъ хыдзэ-псыдзэшхоу азэпырыкIыщт. [41] Хэгъэгу
шIагъом ар ихьащт, минипшI пчъагъэ ыгъэкIодыщт.
Ау хэгъэгухэу Едомрэ Моабрэ, Iамон* щыщ цIыфхэр
ащ IэкIэкIыжьыщтых. [42] Ащ ыIэ хэгъэгу зэфэшъхьафмэ
атырищэещт. Аужыпкъэм Мысыри ащ зыщиухъумэн
ылъэкIыщтэп. [43] Мысырым ибайныгъэ ащ зыIэкIигъэ-
хьащт – дышъэмрэ тыжьынымрэ, осэшхо зиIэ нэмыкI
мылъку лъапIэхэмрэ зыIэкIилъхьащтых. Лыбый цIыфхэу,
Куш** цIыфхэу ыIэ илъ хъугъэхэр ыуж ихьащтых. [44] Ау
тыгъэкъокIыпIэ, темыр лъэныкъохэм къэбарэу къа-
рыкIыщтхэм Темыр пачъыхьэр къагъэгумэкIынышъ,
губжышхом хэтэу зафигъэзэщт. Бэхэр ыукIыщтых, ыгъэ-
кIодыщтых. [45] Хымрэ Тхьэм и Унэ зытет Iуашъхьэмрэ***
азыфагу ипачъыхьэ щэтырэхэр щигъэуцущтых. Ау кIэух
къыфэкIощт, зыпари IэпыIэгъу къыфэхъушъущтэп».

**ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр**

***КIэух уахътэр***

**12** [1] «Чэтэным хэшIыкIыгъэ щыгъын зыщыгъ хъулъ-
фыгъэм къыIуагъ: «А уахътэм пщы мэлэIичэу

* 11:41 Е Iамон ипащэхэр.

** 11:43 Куш хэгъэгу: непэрэ Эфиопиемрэ Суданымрэ алъэныкъокIэ щыIагъ.

*** 11:45 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «Щытхъу лъапIэм икъушъхь».

Микъаел, уицIыф лъэпкъ иухъумакIо, къэлъэгъощт. ЦIыф лъэпкъыр къызыхъугъэм щегъэжьагъэу джырэ нэс зыфэдэ щымыIэгъэ охътэ къиныр къэсыщт. Ау а уахътэм о уилъэпкъ щыщэу ЩыIэныгъэ Тхылъым* дэтхагъэу къычIэкIыщтхэр арых къэнэжьыщтхэр.

[2] Хьадэгъу сэпацэм** хэлъэу
чъыерэмэ ащыщыбэхэр къэущыжьыщтых:
зыхэр егъашIэм щыIэнхэу,
адрэхэр егъэшIэрэ хъоныжьымрэ емыкIумрэ
хэтынхэу.
[3] АкъылышIохэр ошъочэпэплъэу нэфыщтых,
Шъыпкъагъэм игъогу бэхэр тезыщагъэхэр –
жъуагъоу лIэшIэгъу зэкIэлъыкIохэм ащышIэ-
тыщтых.

[4] О, Даниел, мы гущыIэхэр гъэбылъхи, кIэух уахътэр
ипIалъэу тхылъым мыхъур тедз. Бэхэм ашIэщтыр амы-
шIэу лъэныкъо зэфэшъхьафхэм зырадзыми, шIэныгъэм
хахъо ышIыщт***.

[5] Ащ ыуж сэ, Даниел, сызэплъэм мары нэмыкI нэбгы-
ритIу щыт: зыр – мы псыхъо нэпкъым, адрэр – адрабгъу
нэпкъым атетых. [6] Зым чэтэным хэшIыкIыгъэ щыгъын
щыгъэу псыхъом шъхьарытыгъэм риIуагъ: «Мы зыфэдэ
къэмыхъугъэ хъугъэ-шIагъэхэм сыдигъуа кIэух зафэхъу-
щтыр?» [7] Арыти чэтэным хэшIыкIыгъэ щыгъын щыгъэу
псыхъопсым шъхьэрытыгъэ хъулъфыгъэм ыIэ сэмэгурэ

---

* 12:1 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым гущыIэу «щыIэныгъэр» хэтэп.

** 12:2 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «чIыгу сап».

*** 12:4 Е бзэджагъэм хэхъощт. Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэрэпытхым мэхьанэр щынафэп.

ыIэ джабгъурэ уашъом диIэтыехэзэ, ЕгъэшIэрэу ЩыIэм
тхьэлъанэ зэрэфишIырэр зэхэсхыгъ: – Илъэсищырэ
ныкъорэ зытешIэкIэ*. Тхьэм фэшъыпкъэ цIыф лъэп-
къым къинэу ылъэгъурэр ыкIэм зыфакIокIэ, зэкIэри
къэхъущт**.

8 КъыIорэр сэ зэхэсхыгъ, ау къызгурыIуагъэп, арыти
сеупчIыгъ: «Сизиусхьан! Адэ сыда мы зэкIэмэ кIэухы
афэхъущтыр?» 9 Ащ джэуап къытыжьыгъ: «УмыгумэкI,
Даниел. КIэух уахътэр къэсыфэ ар гъэбылъыгъэщт,
мыхъури тедзэжьыгъэщт. 10 Бэхэм загъэкъэбзэжьызэ,
фыжь хъужьыхэзэ ушэтыпIэхэр зэранэкIыщтых. Ау
бзаджэхэм бзэджэшIэныр щагъэтыщтэп. Бзаджэхэм ар
къагурыIощтэп, ау акъылышIомэ зэхашIыкIыщт. 11 Ма-
фэ къэс Тхьэм фашIырэ къурмэныр зыщагъэтыгъэ-
мрэ гущыкIыгъо-емыкIушхо теплъэр зыщагъэуцугъэ-
мрэ щегъэжьагъэу мэфэ минрэ шъитIурэ тIокIиплIырэ
пшIырэ*** тешIэщт. 12 Сыхьатмафэ ежьагъ мэфэ минрэ
шъищырэ щэкIырэ тфырэм щэIагъэ хэлъэу ежэрэр, ащ
нэсырэр.

13 О уикIэух къэсыфэ уигъогу рыкIуи, гупсэфыгъо
бгъотыщт. Джащыгъум кIэух мафэм укъэтэджыжьы-
нышъ, пфэгъэнэфэгъэ Iахьэр къыпIукIэщт».

---

* 12:7 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «зы уахът, охътитIу, охътэныкъу».

** 12:7 Е «зыми ар зэхикъутэн ылъэкIыжьыщтэп». Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэрэпытхым мэхьанэр щынафэп.

*** 12:11 Ар зыфэдизыр илъэсищрэ ныкъорэ. Мы пчъагъэр къызыщыхафэрэр мы шъхьэм ия 7-рэ ус, 7:25.

# ГущыIалъ

**Бжъэмые (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – епщэхэзэ мэкъамэр къызэращырэ адыгэ музыкальнэ Iэмэ-псым. Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр бжъэмыем ехьщырыгъ.

**Бзэпспщын (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – бзэпсхэр зэрыщэгъэ адыгэ пщынэ лъэпкъ. Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр бзэпспщынэм ехьщырыгъ.

**Гъоу (3:4, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Iофыгъо горэ зэшIохыгъэн фае зыхъукIэ макъэ зыгъэIущтыгъэ цIыф.

**Жъогъуаплъ (2:27, нэмыкI чIыпIэхэми)** – жъуагъохэм яплъызэ къэхъущт-къэшIэщтыр къэшIэгъэным пылъ цIыф.

**Зиусхьан (1:2, 9:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм изэрэщыт къызэрыпIон плъэкIыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыIэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иIэм зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIрэр къеты. Апэрэр – «Адонай» (1:2), Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшIыгъэр мэхьанэу иI. ЯтIонэрэ гущыIэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо, «Яхве» (9:2) ащ къикIырэм ащыщ «егъашIэм щыIэ зэпытыр».

**Къамыл (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – епщэхэзэ мэкъамэр къызэращырэ адыгэ музыкальнэ Iэмэ-псым. Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр къамылым ехьщырыгъ.

**Къонтхъ (11:8, нэмыкI чIыпIэхэми)** – пыеу аукIыгъэм къытырахыгъэр, къыпахыгъэр ары.

**НэфапIэ (2:28, нэмыкI чIыпIэхэми)** – пкIыхьапIэ фэдэу, ау нэрылъэгъоу алъэгъурэр. Непэрэ мафэм, блэкIыгъэм, е къэхъущтым афэгъэхьыгъэ сурэтхэу ахэр щытынхэ ылъэкIыщт.

**Пачъыхьэм япщытат (2:47)** – пачыхьэхэм ашъхьагъ тетыгъо щызыIыгъыр.

**Пегъымбар (9:2)** – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм тхьэлIыкIохэмкIэ къэбархэр цIыфхэм къалъигъэIэсыщтыгъэх. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ хэлъ кIуачIэм ахэр къыгъэгущыIэщтыгъэх. Ахэмэ къэхъущтхэр къаIощтыгъэ, цIыф лъэпкъым пае Тхьэм елъэIущтыгъэх. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм тхьэлIыкIохэм ацIэ къызэрэщыриIорэр: «Тхьэм икъулыкъушIэхэр», «Тхьэм ицIыфхэр».

**Пхъонтэпщынэ (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – бзэпсхэр зэрыщэгъэ адыгэ пщынэ лъэпкъ. Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр пхъонтэпщынэм ехьщырыгъ.

**ПщынэтIаркъо (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – бзэпсхэр зэрыщэгъэ адыгэ пщынэ лъэпкъ. Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр пщынэтIаркъом ехьщырыгъ.

**Сырынэ (3:5, нэмыкI чIыпIэхэми)** – епщэхэзэ мэкъамэр къызэращырэ адыгэ музыкальнэ Iэмэ-псым.

Ижъырэ бабилэн цIыфхэм агъэфедэщтыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псымэу мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр сырынэм ехьщырыгъ.

**Тахътэ (5:20)** – пачъыхьэр зытес пхъэнтIэкIу лъаг.

**Тхьагурымагъо (2:2 нэмыкI чIыпIэхэми)** – нэпхъ, шхъухьэ-кIуачIэ хэлъэу, шIыкIэ зэфэшъхьафхэр ыгъэфедэзэ хъурэм-шIэрэм зифэмэбжьымэ тезгъэхьан амал зиIэ цIыф.

**Тхьэм и Ун (1:2)** – Тхьэм щыфэлэжьэгъэным тегъэпсыхьэгъэ ун. Умылъэгъунэу Тхьэм ыкIуачIэ ащ чIэт. Тхьэм шъхьащэ щыфашIыным пае цIыфхэр къекIуалIэх. КъурмэнышIхэм Тхьэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэм ацIэкIэ къурмэнхэр ащ щашIыщтыгъэх.

**Уды (2:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – нэпхъ, шхъухьэ кIуачIэ зыхэлъ цIыф.

**Усэрэжъ (2:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – шIыкIэ амал зэфэшъхьафхэр зыгъэфедэзэ непэрэ мафэр, блэкIыгъэр е къэхъущтыр къэзыIу.

**УшхъухьакIо (2:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – шхъухьэ зышIэрэ цIыф.

**Хьилэ (8:25)** – тхьагъэпцI.

**Хьилагъэ (11:27)** – тхьагъэпцIыгъэ.

**Хъарзынэщ (1:2)** – осэшхо зиIэ мылъкухэр, ахъщэхэр зыщаIыгъ чIыпI.

**Iумэт (6:20)** – хэтми зыгорэм фэлэжьэрэ, фэшъыпкъэ цIыф. Мы тхылъым къызэрэхафэрэр «Тхьэм иIофтэбгэ цIыф».


Хы шIуцIэ
Каспый хыр
ЛУД
АРМЕНИЕ
МАДАЙ
ПАРТЫЕ
Средиземнэ хыр
Нынэуй
Ахъмэт
Дамаск
Щамэрэн
Ерусэлэм
Бабилэн
Шушан
ПЕРС ХЭГЪЭГУ
Персэпэлыс
Ноп
МЫСЫР
АРАП ХЭГЪЭГУ
Перс хытIуалэр
Но
Нил псыхъо
Хы плъыжь
Персий
пачъыхьэгъу


Хы шIуцIэ
ЛУД
Каспый хыр
Тигр псыхъо
Къэркъэмыщ
Нынэуй
МАДАЙ
Средиземнэ хыр
Рыблэ
Ефрат псыхъо
Ахъмэт
Дамаск
ПЕРС ХЭГЪЭГУ
Щамэрэн
Ерусэлэм
Бабилэн
Шушан
БАБИЛЭН ХЭГЪЭГУ
Ноп
АРАП ХЭГЪЭГУ
Перс хытIуалэр
МЫСЫР
Нил псыхъо
Хы плъыжь
Бабилэн пачъыхьэгъу